**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A`JINIYAZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI**

**Tabiyattanıw ha`m geografiya fakul`teti**

**«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» kafedrası**

**«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» bakalavr ta`lim bag`darı 4A-kurs talabası**

# Kojanov Alisher Tengelbaevich

«Qaraqalpaqstan Respublikası Qon`ırat rayonının` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwı» degen temadag`ı bakalavr

# PITKERIW QA`NIYGELIK JUMISI

**Ilimiy basshı:** **g.i.d. prof. E.K.Umarov**

**Kafedra baslıg`ı:** **p.i.k. dots. R.T. Gaypova**

**NO`KIS-2013**

# MAZMUNI

**KIRISIW………………………………………………………………………........................3**

**I-BAP. QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI QON`IRAT RAYONININ` TA`BIYIY-EKONOMIKALIQ RESURSLARI HA`M ONNAN AQILG`A MUWAPIQ PAYDALANIWDA RAYONNIN` SOTSIAL-EKONOMIKALIQ RAWAJLANIWINA TA`SIRI.**

**1.1. Rayonnın` ekonom-geografiyalıq jaylasqan ornı…………………………………..7**

**1.2. Qon`ırat rayonının` ta`biyiy sharayatı ha`m ta`biiy resursları…………………..8**

**1.2.1. Klimat resursları……………………………………………………………...9**

**1.2.2. Rayon toprag`ının` tipleri ha`m jer resursları…………………………………12**

**1.2.3. Bioresursları ha`m onnan xojalıq tarawlarında ratsionallı paydalanıw jolları……………………………………………………………………………...14**

**II-BAP. QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI QON`IRAT RAYONININ` DEMOGRAFIYALIQ RAWAJLANIW O`ZGEShELIKLERI HA`M ONIN` RAYONNIN` SOTSIAL-EKONOMIKALIQ O`SIWINE TA`SIRI**

**2.1. Qon`ırat rayonı xalqının` o`siw dinamikası……………………………………..16**

**2.2. Rayon xalqının` geografiyalıq jaylasıwı………………………………………..19**

**2.3. Rayon xalqının` jınıslıq quramı ha`m onın` miynet resurslarının` qa`liplesiwine ta`siri…………………………………………………………………...21**

**2.4. Qon`ırat rayonının` miynet resursları ha`m onın` xalıq xojalıg`ı tarawları boyınsha bo`liniwi…………………………………………………………………23**

**III-BAP. QON`IRAT RAYONININ` EKONOMIKALIQ HA`M SOTSIALLIQ RAWAJLANIWI**

**3.1. Qon`ırat rayonında ekonomika tarawlarının` rawajlanıwı…………………..30**

**3.2. Qon`ırat rayonında sotsiallıq tarawlardın` rawajlanıwı………………….50**

**JUWMAQLAW……………………………………………………………………...56**

**ADEBIYATLAR..…...……………………………………………………………60**

## KIRISIW

**Temanın` aktiwallıg`ı.** Menin` bakalavir dissertatsiya jumısım «Qaraqalpaqstan Respublikası Qon`ırat rayonının` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıw basil bag`darları» dep atalıp, bunda g`a`rezsizlik jıllarında rayon aymag`ında xalıq xojalıg`ı tarawların, sonın` ishinde xalıqtın` sotsiallıq jasaw sha`rayatın jaqsılaw boyınsha iske asırılıp atırg`an ko`lemli jumıslardı analizlerge bag`ıshlang`an. Bul ba`rinende burın Qaraqalpaqstannın` suwg`armalı diyxanshılıqqa qa`nigelesken Qon`ırat rayonı boyınsha u`lken a`hmiyetke iye. Sebebi, rayon No`kis-Xojeli-Qon`ırat-Beynew, al onnan arıraqta Makat-Aleksandrov-Gay bag`darındag`ı xalıq-aralıq a`hmiyetke iye temir jol boyinda jaylasıp, tek respublikada suwg`armalı diyxanshılıq tarawları boyınsha emes, al ma`deniyatı, transport-ekonomikalıq baylanıstag`ı tutqan ornı, sonday-aq awıl-xojalıg`ı o`nimlerin qayta isleytug`ın sanaat tarawları ha`m xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın tarawlardı rawajlandırıwdag`ı qolg`a kirgizgen tabısları menende ko`zge tu`sedi. Bul ha`m basqada ekonomikalıq ha`m sotsiallıq a`hmiyetke xalıq xojalıg`ı tarawların bunnan bılayda rawajlandırıw qa`nigelik pitkeriw jumısının` **aktuallıg`ın** ja`ne bir ma`rte tastıyıqlaydı.

Usıg`an sa`ykes Qon`ırat rayonının` ekonomikalıq ha`m sotsiallıq tarawların u`yreniw qa`nigelik pitkeriw jumısımızdın` **ob`ekti** etip tayarlansa, al rayon aymag`ında xalıq xojalıg`ın bunnan bılayda rawajlandırıw ushın rayonnın` ta`biyiy-ekonomikalıq jag`dayın analiz jasaw, o`ndiristin` ekonomikalıq na`tiyjeliligin joqarılatıw ushın alıp barılatug`ın ilimiy-a`meliy a`hmiyetke tiykarlawlar pitkeriw jumısımnın` **predmeti** etip alındı.

Solay etip, Qon`ırat rayonı aymag`ında ekonomikalıq ha`m sotsiallıq tarawlardı jedelli rawajlandırıw izertlew jumısımızdın` bas maqseti ko`rsetilse, al olardı iske asırıw ushın keleshekti go`zlep du`zilgen bag`darlar ha`m olardı iske asırıw jolları **alg`a qoyılg`an wazıypalar** qatarına kiredi.

Durısında da bazar qatnasıqları sha`rayatında o`ndiris rezervlerin xojalıq aynalısına qosıw arqalı respublika ko`leminde, sonday-aq Qaraqalpaqstannın` suwg`armalı diyxanshılıqqa qa`nigelesken rayonlarının` biri Qon`ırat rayonında da

awıl xalqının` jasaw sha`rayatın jaqsılaw ma`selesi ku`n ta`rtibindegi baslı mashqalalar qatarına kiredi. Sebebi Qon`ırat rayonı respublikanın` 0,5%-ke jaqın territoriyasın ha`m 3% xalqın iyelewine qaramastan, jıl sayın Qaraqalpaqstan Respublikasında o`ndiriletug`ın g`a`llenin` 10%-ke jaqının, paxtanın` 4,8%, qaramallardın` bas sanının` 3,5%, qoy ha`m eshkilerdin` bas sanının` 3%-in, yaki Qaraqalpaqstan boyınsha jıllıq ishki jalpı awıl-xojalıq o`nimlerinin` 4,2%-in iyeleydi. Bunnan Qon`ırat rayonı boyınsha barlıq ekonomikalıq potentsial ha`m o`ndiris rezervlerin tolıq paydalanılıp atır degen juwmaq shıqpaydı. Usıg`an sa`ykes aldag`ı perspektivada rayonnın` jer-suw resursların ken`nen paydalanıw jolı menen xalıq xojalıg`ın rawajlandırıw ha`m usı tiykarda xalıqtı jumıs penen ta`miyinlew u`lken xalıq xojalıqlıq a`hmiyetke iye. Bul ma`selelerdi sheshiwde Qaraqalpaqstannın` barlıq rayonlarınday-aq erteden ekonomikalıq resursları ha`r ta`repleme paydalanıwg`a qosılg`an A`miwda`r`yanın` shep ta`repinde jaylasqan Qon`ırat rayonının` ta`biyiy-ekonomikalıq resursların ratsionallı paydalanıw ha`m usı tiykarda awıl ma`deniyatın rawajlandırıwg`a ayrıqsha itibar beriw kerek.

Bunnan basqa xalıqtı jumıs penen ta`miynlew, a`sirese xalıqqa xızmet ko`rsetetugın tarawlardın` o`ndirislik bazası to`men. Sonlıqtan, aldag`ı perspektivada Qon`ırat rayonının` paydalanılmay atırg`an barlıq dereklerin iske qosıw ju`da` za`ru`r boladı. A`sirese rayon ko`leminde jer-suw resurslarınan na`tiyjeli paydalanıw aqılg`a muwapıq keledi. Ha`zir rayon ko`leminde jer fondının` tek bolganı yarımı awıl-xojalıg`ında paydalanıladı. Rayon miynet resursları menen joqarı da`rejede ta`miyinleniwine qaramastan 28,2 mın` gektarday jerler awıl-xojalıg`ında paydalanılmay atır. A`sirese, suw resurslarınan awıl-xojalıg`ında ratsionallı paydalanılmag`anlıqtan 476 gektarday egislik maydan ko`lemi meliorativlik jumıslarg`a ketip atır. Jerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılaw ushın kollektor-drenaj sistemalarınan o`nimdarlı paydalanılmay atır. Bu`gingi ku`nge egislik jerlerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılaw ushın tayarlang`an kollektor-drenaj sistemalarının` uzınlıg`ı 379 kilometrden artpaydı ha`m olardın` en` u`lkenleri tek bolg`anı sekundına 1,5-2 $m^3$ suw o`tkeriw

mu`mkinshiligine iye. Sonlıqtan egislik jerlerdin` belgili bir bo`limi qaytadan shorlanıw protsessine duwshar bolmaqta.

Awıl-xojalıg`ı daqıllarına beriletug`ın suw normaları aytarlıqtay joqarı. Bir gektar egislik maydan ushın shayıp suwgarılatug`ın suwdın` norması 11,10 mın` m3 bolsa, al ma`wsimdegi 1 gektar egislik jerge sarıp etiletug`ın suwdın` mug`darı 20,9 mın` m3 artıp ketedi. Usıg`an sa`ykes rayon ko`leminde suwg`arıw ushın normadan tısqarı 35-45% suw artıq sarıp etilmekte. Usının` menen qatarda xojalıq aralıq suwg`arıw sistemalarınan paydalanıw koeffitsienti 67-70%-ten artpaydı. Bul ha`m tag`ı basqada rayon ko`leminde orın alg`an kemshilikler jer-suw resurslarınan na`tiyjeli paydalanıwg`a ha`m usı tiykarda rayonnın` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwına tosqınlıq etpekte. Usıg`an sa`ykes menin` pitkeriw jumısımda Qon`ırat rayonındag`ı barlıq rezervlerdi xalıq xojalıg`ı o`ndirisinde ratsionallı paydalanıw ila`jları qarastırıldı ha`m bul ushın ha`zir rayon ko`leminde ele paydalanılmay atırg`an ta`biyiy ekonomikalıq baylıq dereklerin iske qosıw mu`mkinshiliklerine ayrıqsha itibar berildi.

Menin` pitkeriw jumısımda rayonnın` jer-suw resurslarınan ratsionallı paydalanıw arqalı xalıq xojalıg`ı tarawların aldag`ı perspektivada rawajlandırıw bag`darların belgilew ushın ta`biyiy-ekonomikalıq sha`rayatlardın` ta`siri u`yrenildi, a`sirese awıl-xojalıg`ı o`ndirisine ta`sir etetug`ın faktorlardı analizlew arqalı rayonnın xalıq xojalıg`ı tarawlarının` ha`zirgi strukturasına sıpatlama berildi, ja`ne paydalınlmay atırg`an o`ndiris rezervlerin iske qosıw arqalı xalıqtı tutınıw tovarları menen ta`miyinlewdin` jolları belgilendi.

Solay etip, pitkeriw jumısımda bayan etilgen jobalar tiykarında Qon`ırat rayonının` ekonomikalıq-geografiyalıq jaylasqan ornı, ta`biyiy sha`rayatı, ja`ne o`tken da`wir ishinde qolg`a kirgizilgen sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwındag`ı ayırım inabatqa alarlıq alg`a ilgerilewler aldag`ı waqıtta xalıqtı jumıs penen ta`miyinlew ha`m materiallıq abadanlıg`ın arttırıw arqalı Qon`ırat elatının` Qaraqalpaqstan Respublikasının` ekonomikasında tutqan ornın joqarılatıwg`a real sha`rayatlardın` bar ekenligi da`lillendi. Bul ha`m tag`ı basqada men ta`repinen

alg`a qoyılg`an ma`seleler pitkeriw jumısımnın` aktuallılıg`ın ko`rsetetug`ını, ja`nede a`meliyatta qollanılatug`ını so`zsiz.

# I-BAP. QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI QON`IRAT RAYONININ` TA`BIYIY-EKONOMIKALIQ RESURSLARI HA`M ONNAN AQILG`A MUWAPIQ PAYDALANIWDIN` RAYONNIN` SOTSIAL-EKONOMIKALIQ RAWAJLANIWINA TA`SIRI

## 1.1. Rayonnın` ekonom-geografiyalıq jaylasqan ornı

Qon`ırat rayonı Qaraqalpaqstan respublikasının` arqa batısında qubla Aral boyında jaylasıp ol 75 mın` km$^2$ maydandı iyelep jatır. Territoriyasının` ko`lemi boyınsha Qaraqalpaqstandag`ı en` iri rayonlardan esaplanıp, respublikanın` 45,5 % jer maydanın iyeleydi. Rayon respublikada qolaylı ekonom-geografiyalıq orındı iyeleydi ha`m bir-birinen u`lken parq qılatug`ın eki territoriyadan turadı. Usınnan U`stirt platasında jaylasqan territoriyalar 96% maydandı, al A`miwda`r`ya alabındag`ı territoriya 4% maydandı iyeleydi.

Rayon U`stirt ken`isligi arqalı tu`slik batısta Tu`rkmenstan respublikası menen, al arqada Qazaqstan menen shegaralassa, A`miwda`r`ya alabında jaylasqan bo`limi arqada ha`m arqa-shıg`ısında Moynaq rayonı menen, shıg`ıs ta`repinde Qanlıko`l rayonları menen ha`m tu`sliginde Shomanay rayonları menen shegaralasadı.

Rayon orayı Qon`ırat qalası. Bul qala Sharjaw-Qon`ırat-Beynew-Maqat-Dossor-Aleksandrov-Gay temir jolı tarawında en` qolaylı orındı iyeleydi ha`m respublika paytaxtı No`kis qalasınan 110 shaqırım aralıqta jaylasqan. Qaraqalpaqstannın` en` eski ha`m iri rayonlarınan esaplanıladı.

Rayon orayı Qon`ırat qalası arqalı Tashkent-Samarqand-No`kis-Xojeli-Qon`ırat-Aral ten`izi bag`darındag`ı O`zbekstandag`ı en` u`lken avtomobil` jol transportı o`tedi ha`m O`zbekstannın` arqa-batıs rayonların Qazaqstan arqalı Rossiyanın` Evropalıq bo`limi menen baylanıstıratug`ın ullı temir jol liniyasının` tu`yininde jaylasqan. Rayon orayı Qon`ırat qalası temir jol liniyası, avtomobil` trakti ha`m hawa jol liniyaları arqalı Oraylıq Aziya elleri menen sonday-aq Rossiya federatsiyasının` Evropalıq bo`limi ja`ne Qara ten`iz basseyninde jaylasqan eller menen baylanıs mu`mkinshiligine iye. Qon`ırat rayonı arqalı Buxara-Ural, Oraylıq Aziya-Oray Gazprovod liniyası o`tedi, bull qolaylı sharayatlar rayonnın` keleshekte ha`rta`repleme rawajlanıwın ta`miynleydi.

## 1.2. Qon`ırat rayonının` ta`biyiy sharayatı ha`m ta`biiy resursları

Qon`ırat rayonı ta`biyg'ıy komplekslik rawajlanıwı ha`m qa`liplesiwi boyınsha respublikadag`ı o`zine ta`n u`lken o`zgeshelikke iye rayonlardan esaplanadı. Rayon aymag`ının` geografiyalıq rawajlanıw tariyxına na`zer awdarsaq onın` territoriyası turan platformasının` ajıralmas bir bo`limi ha`m turg`ın bolıp qalg`an ha`reketsiz aymaq ekenligin bayqaymız.

Mezazoy erasına shekem bull territoriya geosinklinallıq uchastkalar esaplanıp, gaz payda bolıw protsessii palezoydın` aqırında tamamlang`an. Sonlıqtan platformanın` fundamenti mezazoyg`a shekemgi da`wirde qa`liplesken sho`gindi taw jınısları ha`k tastan ha`m metamorfizatsiyag`a ushırag`an saz ılaylardan, magma jınısları granit, gneys ha`m serpentinlerden quralg`an.

A`yyemgi qurg`aqlıq payda bola baslag`an da`wirden baslap jer beti juwılıp a`ste-aqırın jemiriliw protsessine ushırag`an ha`m tegislene baslag`an. Al keyingi platforma da`wirinde jer beti a`ste aqırın sho`gip palezoy jınıslarının` u`stinde jan`adan mezazoy ha`m kaynazoy qatlamları du`zile baslaydı. Usıg`an sa`ykes burıng`ı fundament a`dewir teren`de bolıp, olar Shaqpaqtıda 1000m, Barsakelmeste 6000m, A`miwda`r`ya del`tasında 2000m teren`likte jatır. Yura da`wirinde u`stirt aymag`ı menen birlikte A`miwda`r`ya deltasın da sho`ge baslaydı, sonlıqtan organikalıq qosılıslarg`a bay jatqızıqlar U`stirtte 1000-1500metr, al A`miwda`r`ya alabında 250-500 metrge shekemgi aralıqta toplang`an. Solay etip polegen, neogen da`wirinde ten`iz jatqızıqları kem-kemnen juwılıp ıdırap joq bolg`an bolsa, mezazoy, kaynazoy eralarında bull aymaq ten`iz astı bolg`an. Bul o`z gezeginde rayon aymag`ında jer astı qazılmalı baylıqlardın` geografiyalıq tarqalıwına ha`m ken` ko`lemdegi ayırim territoriyalardın` qa`liplemiwine ku`shli ta`sir jasadı.

U`stirt fizikalıq-geografiyalıq ko`z-qarastan jazıqlıqesapalanadı, usının` 7,5 mln gektarı Qaraqalpaqstanda tiyisli.Al qalg`an bo`limleri qon`sılas Tu`rkmenstan ha`m Qazaqstan respublikalarına kiredi. U`stirttin` Aral ten`izi jaylawları 250 metrge ko`terilip jatsa, al qarabawırda ol 292 metr ba`lentlikke ko`teriledi. U`stirt jer betinin` du`zilisi jag`ınan bir-birinen parq qılatug`ın oypawıtlarg`a , (Barsakelmes), Qazan shun`qırlarg`a (Asseke audan, Shaqpaqtı), ha`m tu`slik U`stirt tegisligi bolıp bo`linedi. Bul rayonlar ha`zir iri qazılmalı baylıq ka`nleri, duz ka`nleri qorları ha`m mal jaylımına iye territoriyalar retinde paydalanılmaqta.

Keyingi jıllarda izertlengen geologiyalıq izertlew mag`lıwmatlarına qarag`anda U`stirt territoriyası rayon aymag`ında, sonday-aq respublikadag`ı iri qazılmalı baylıq dereklerine iye rayonlardın` birine aylanbaqta. 1960-jıllardan baslap ju`rgizilgen izertlewlerge sa`ykes Qon`ırat qalasının` 220 km aralıqta Shaqpaqtı gaz ka`ni ashıldı, onın` izertlengen sanaatlıq zapası 46,5 mlrd kub metrge barabar. Tazadan ashılg`an Quwanısh Gaz ka`ni Barsakelmes shorının` arqa-shıg`ısında jaylasıp onın` zapası 8-mlrd kub metrden aslamıraq, Barsakelmes shorının` qubla-shıg`ıs bo`liminde 1982-jılı Aqsholaq gaz ka`ni ashıldı. Gaz jaylasqan gorizonttın` teren`ligi 3100-3500 metrge shekem jetedi.

U`stirt respublikadag`ı as duzına bay rayonlar qatarına kiredi, keyingi jıllarda bull zonada Qarawımbet, Barsakelmes qusag`an duz ka`nleri paydalanıwg`a berildi. Usınnan tek Barsakelmes duz ka`ninin` qorı 4,5 mlrd tonnanı quraydı. Bul ka`n tek azıq-awqatlıq a`hmiyeti jag`ınan emes, al ximiya sanaatı ushın da bahalı shiyki zat esaplanadı. Bul ma`selelerdi keshiktirmey sheshiw U`stirt zonasında Qaraqalpaqstannın` iritaw-ka`n sanaatı zonasın payda etiwge ha`m usı tiykarda gaz sanaatı neft`-ximiya qurılıs industriyası sanaatın du`ziwge boladı.

**1.2.1. Klimat resursları.**

Qon`ırat rayonı jaylaw fondına, sonday-aq suwg`armalı diyxanshılıq tarawların rawajlandırıw ushın mol jer resurslarına iye aymaqlar qatarına kiredi. Biraq bull ma`selelerdi iske asırıw ushın ba`rinen de burın ko`lemli jaylawlardın` agroklimat resursların izertlew, a`sirese suwg`armalı diyxanshılıq zonalardın` termikalıq resurslarına awıl-xojalıg`ı ta`repinen baha ju`rgiziw u`lken a`hmiyetke iye. Sebebi bull rayon Qaraqalpaqstan respublikasının` en` arqa shegarasın iyelep, vegetatsiallıq da`wirdegi na`tiyjeli temperaturalardın` summası boyınsha basqa rayonlardan parq qıladı. U`stirt ken` territoriyanı iyelewine ha`m onın` arqa ta`repinde sibir` territoriyalarınan esetug`ın suwıq hawa massasın irketug`ın ta`biyg`ıy belgi bolmag`anlıqtan qıs aylarında temperatura aytarlıqtay suwınadı, mısalı, yanvar`dın` ortasha temperaturası A`miwda`r`ya deltasında jaylasqan territoriyalarda $-7^0$-$10^0$ shamasında bolsa, u`stirtte $-11^0$-$13^0$qa shekem pa`seyedi . Absolyut minimum temperatura $-35^0$-$38^0$ qa shekem to`menleydi, al qıs 4 ayg`a shekem sozıladı. Iyul`din` ortasha temperaturası ko`pshilik jıllar ushın 25-$27^0$ terbeliste bolsa, absolyut maksimum temperature 45-$46^0$ qa shekem ko`teriledi, al U`stirttin` legiallıq bo`liminde absolyut maksimum temperatura 1970-jıllarda $+65^0$ qa shekem ko`terilgen.

Solay etip Qaraqalpaqstan Respublikasının` Qon`ırat rayonı o`zine ta`n klimat resurslarına ha`m basqa rayonlarına salıstırg`anda termikalıq resurslardın` summası boyınsha parq qılıp $+5^0$ tan joqarı temperaturalardın` jıyıntıg`ı 2900-$2951^0$ quraydı, yaki To`rtk*l ge salıstırg`anda 400-$600^0$ parq qıladı. Bul da`n daqıllardın` a`siresse ma`kke, ju`weri ha`m salıdan zu`ra`a`t toplawg`a jetkilikli t.b.

Qon`ırat rayonı, a`siresse U`stirtte jıl dawamındag`ı temperaturalıq rejimnin` u`lken o`zgeriske ushırawı ba`rinen burın Aral ten`izi (akvatoriyasınan) duzlı shan`lı topıraqlardın` ko`teriliwi na`tiyjesinde qorshag`an a`tirapqa ta`sirinin` artıwına baylanıslı bolıp otır. Usının` saldarınan rayon a`tirapında jılına 90 ku`nnen ko`birek duz aralas shan` du`beleyi esip ta`biyg`ıy ortalıqtın` komponentlerin o`zgeriske ushıratpaqta.

A`sirese egislik jerlerdin` meliorativlik jag`dayının` buzılıwına, o`simlik ha`m haywanatlar du`n`yasının`,(degredatsiyag`a) ushırawına, ba`rinende burın awıl xojalıq egisliklerinin` zu`ra`a`t toplawına keri ta`sir etpekte. Solay etip ta`biyg`ıy ortalıqta payda bolg`an ekologiyalıq dag`darıs ha`r qıylı keselliklerdin` ju`z beriwine a`sirese allergiyalıq keselliklerdin`, asqazan ishek kesellikleri, juqpalı bu`yrek ha`m bawır keselliklerinin` ko`beyiwine duwshar etpekte. Bul ba`rinende

burın jıl ma`wsimlerinin` merziminin` qısqarıwı ha`m ta`biyg`ıy ortalıqtın` o`zgeriske ushırawınan bolıp otır. Keyingi jıllarda Araldın` suw basıp jatırg`an zerqalasının` qıs qırawına baylanıslı arktikalıq suwıq awıl massasının` ta`siri arttı (keste-№1).

Bul yanvar` ayındag`ı temperaturalıq rejimnin` pa`seyiwine, ha`tteki dekabr`, yanvar`, fevral` aylarında mallardın` bas sanının` nabıt bolıwına duwshar etpekte, usıg`an sa`ykes u`stirtte ha`m A`miwda`r`ya del`tasında mal sharwashılıg`ı tarawları ushın ayrıqsha ilajlardı a`melge asırıw, yaki mallardı durıs qıslatıw mapazına o`zgeris kirgiziwu`lken qa`jetliklerge aynalmaqta. Begetatsiyalıq da`wirdegi na`tiyjeli temperaturalardın` summası ha`m ayazsız ku`nlerdin` mug`darına qaray suwg`armalı diyxanshılıq zonalarında da ayrıqsha agrotexnikalıq ilajlardı iske asırıw qa`jet.

**Keste-№1**

**Qon`ırat rayonı klimatının` baslı ko`rsetkishleri**

| **Meteostantsyaya lardın` atları** | **Hawanın` jıllıq ortasha temperaturası** | | | **Vegetats. da`wird. uzaqlıg`ı,ku`n esabında** | | **Veget. da`wir. ia`tiyj. temp. dın` summası, gradus es.da** | | **Jıllıq jawın shashın nın` mug`darı, mm** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Yanvar`** | **Iyul`** | **Jıllıq ortasha tem.ra** | **+5⁰** | **+10⁰** | **+5⁰** | **+10⁰** | |
| **Moynaq** | **-7,4** | **26,3** | **9,8** | **219** | **179** | **2941** | **1037** | **105** |
| **Qon`ırat** | **-7,3** | **25,8** | **10,0** | **223** | **186** | **2931** | **1891** | **108** |
| **Shımbay** | **-7,6** | **26,0** | **10,0** | **223** | **188** | **2092** | **1865** | **87** |
| **No`kis** | **-6,9** | **27,1** | **11,0** | **226** | **42** | **3212** | **2125** | **82** |
| **To`rtku`l** | **-4,9** | **28,6** | **12,4** | **240** | **202** | **3363** | **2432** | **97** |

Bul ushın salının` erte piser rayonlastırılg`an sortların engiziw ha`m paxtanın` ayrım gektarların yamasa xojalıqlar ko`leminde plenkalar astındag`ı egislik maydanların ko`beytiw ha`m tag`ı basqa ilajlar rayon aymag`ında begetatsiyalıq da`wirden ratsionallı paydalanıwg`a ha`m awıl-xojalıg`ı tarawlarınan alınatug`ın o`nimnin` ko`lemin ko`beytiwge mu`mkinshilik beriwi so`zsiz.

Suw resursları tarmaqları irrigatsiya diyxanshılıq tarawlarında joqarıda atı atalg`an suwg`arıw sistemaları ishinen Su`wenli kanalı Taxiyatash qalası janınan sag`a aladı ha`m sekundına suw o`tkeriw mu`mkinshiligi 120 kub metrge barabar. Bul kanal 1940-jılı iske tu`sirildi. Ulıwma uzınlıg`ı 128 km quraydı.

Su`wenli kanalları 42 km lik aralıqta sag`a menen shomanay suwlandırıw uzeli menen, 55 kilometrlik aralıqta Bekjap nasos stantsiyası menen jalg`astırıladı. Usı jerde Altınko`l, U`stirt №2 ja`ne Kindik o`zek ha`m Mayjap kanallarına suw bo`linedi (45,1$m^3$/sek). 86-kilometrde Lesxozyabı ja`ne Avangard kanallarına, al 105-kilometrde jin`ishke gidrouzelinde Shamrayjab, Jin`ishke ha`m qalalıq setke (20,5 $m^3$/sek) suw beredi, solay etip Qon`ırat rayonın suw menen tiynleytug`ın baslı Su`wenli kanalı sekundına 12 kub metrdey suw jetkerip Qon`ırat rayonının` diyxanshılıq ha`m A`miwda`r`ya deltasındag`ı mal sharwashılıg`ı xojalıqların suw menen ta`minleydi.

Qon`ırat rayonının` ekinshi iri suwg`arıw sisteması Rawshan kanalı esaplanıp, ol 1965 jılı paydalanıwg`a berildi. Kanal 43 kilometrlik uzınlıqqa iye, sekundına sag`adan suw ag`ıw mu`mkinshiligi 150 $m^3$/sek. Barabar, 40 kilometrlik aralıqqa jetkennen keyin Rawshan kanalınan eki jaqlama suw o`tkeriw waqtına iye, Orjan jap (34 $m^3$/sek) kanalı baslanadı. Onın` uzınlıg`ı 13 kilometrge ten`. Usı kanaldın` aqırında Sudochı uzeli jayılg`an ha`m usı jerden Qudayar jap (18 $m^3$/sek), Qaraqalpaq jap (9 $m^3$/sek) ha`m Sudochı Sbros kanalı (10 $m^3$/sek) baslanadı. Rawshan suwg`arıw sisteması, Rawshan, Ko`kda`r`ya ha`m Jan`atalap kolxozları territoriyasının` 6800 gektardan egislik jerlerdi suw menen ta`minleydi. Usınnan 2500 gektarday Jan`atalap mal sharwashılıq xojalıg`ına tiyisli. Solay etip Su`wenli kanalları Qon`ırat rayonının` Xorezm, Qanlıko`l, Qon`ırat, U`stirt, Axunbabaev, Ko`kda`r`ya xojalıqların suw menen ta`minlese Rawshan suwg`arıw sisteması A`jiniyaz, “Jan`atalap” ha`m ”Rawshan” xojalıqların suwlandıradı.

Qon`ırat rayonı aymag`ında tiykarg`ı suw deregi retinde A`miwda`r`ya sag`a alatug`ın kanallardan basqa jer astı suwlarınan paydalanıw u`lken a`hmiyetke iye. Izertlew mag`lıwmatlarına qarag`anda A`miwda`r`ya deltasında ha`m tu`slik Aral artezian basseini jaylasqan zonada. Bulardan tek A`miwda`r`ya deltasındag`ı jer astı suwlarının` qorı 3,9 mlrd kub metrge barabar. Bunı ratsionallı paydalang`an jag`dayda tu`slik Qızılqum ha`m KKS, KS-1, KS-3, KS-4, kollektorları o`tetug`ın zonalarda jaqın keleshekte 459,7mın` gektarday maydanlardı suwlandırıwg`a mu`mkinshilikler du`ziledi. Bul u`lken rezerv, bunnan aqılg`a muwapıq paydalanıwg`a o`tiw jaqın jıllar ishinde Qon`ırat rayonının` A`miwda`r`ya deltasında jaylasqan jaylawların suwlandırıwg`a ha`m usı tiykarda rayon aymag`ında mal sharwashılıq o`nimlerin ko`beytiwge imkaniyatlar du`ziletug`ını so`zsiz.

**1.2.2. Rayon toprag`ının` tipleri ha`m jer resursları.** Qon`ırat rayonı barlıq qaraqalpaqstan respublikası sıyaqlı sho`ller zonasında jaylasqan territoriya bolg`anlıqtan topırag`ının` basım ko`pshiligin boz topıraqlar iyeleydi. Bunnan basqa A`miwda`r`ya ha`m Aral ten`izinin` ta`sirinde batpaqlı-otlaqlı ja`ne taqırlı topıraqlardan ken` taralg`an. Suwg`arılıp egiletug`ın zonalarda ma`deniy topıraqlar menen aralas kebirli topıraqlar tarqalg`an. Taqırlı topırıqlar erte zamanlarda suwlandırılg`an ha`m A`miwda`r`ya alabındag`ı suw astınan bosag`an territoriyalarda ushırap awıl-xojalıg`ına o`zlestiriwge qolaylı jer fondına kiredi. Qon`ırat rayonının` aymag`ında topıraq tiplerinin` payda bolıwında ha`m qa`liplestiriliwinle A`miwda`r`ya og`ada u`lken rol` oynaydı. Sebebi sho`ller zonasında topıraqtın` payda bolıwı ha`m qa`liplesiwinde qurg`aqshılıqtın` ta`siri ku`shli, ol topıraqtın` strukturasın o`zgertiwge a`sirese, onın` quramında mineralı duzlardın` payda bolıwında da u`lken rol` atqaradı. Bul quyash energiyasının` jer betin ku`shli qızdırıwı na`tiyjesinde o`tetug`ın parlanıwg`a baylanıslı jer quramındag`ı mineral duzlar kopillyar ja`rdeminde topıraqtın` stin`gi betine ko`terilip parlanıw na`tiyjesinde shorlaqlardı payda etedi. Bul ko`pshilik jag`dalarda agrotexnikalıq qa`delerdin` buzılıwı a`sirese suwg`arıw normasın ko`beytiw na`tiyjesinde de bolıwı mu`mkin. Rayon aymag`ının` topıraq tiplerinin` qa`liplesiwinde A`miwda`r`ya ag`ıp alıp kelgen allyuvial sho`gindi jınıslardın` da roli og`ada ku`shli. Sonlıqtan rayonda mexanikalıq quramı boyınsha ılaylı sazlı ha`m qumlı topıraqlardan du`zilgen massivlerde ushıraydı, sonlıqtan barlıq Qaraqalpaqstan respublikasına ta`n rayonda to`mendegi topıraqtın` tiplerin ushıratıwg`a boladı:

1.Otlaqlı ha`m allyuvial-batpaqlı topıraqlar;

2.Otlaqlı topıraqlar.

3.Otlaqlı-taqırlı topıraqlar.

4.Taqırlar.

5.Shorlı topıraqlar. Usı joqarıdag`ı topıraq tiplerinen Qon`ırat rayonı aymag`ında, a`siresse A`miwda`r`ya deltasına tiyisli territoriyalarda taqırlı topıraqlar ko`plep tarqalsa, U`stirtte sho`llistanlı qumlı topıraqlar sur-qon`ır topıraqlar salanshaqlar tarqalg`an. Bular mexanikalıq du`zilisi boyınsha shirindiler o`te kem bolg`anlıqtan o`simlikler du`n`yasında o`te jarlı keledi. Qoy sharwashılıg`ı otlaq retinde paydalanıwg`a jaramlı o`simliklerden biyuirgin, boyalısh, keyrewik, qara seksewil, sarsazan, juwsan ushıraydı, ha`m olardın` zu`ra`a`tligi de onsha ko`p emes biraq Qon`ırat rayonının` sostavındag`ı U`stirt

jaylawları 7,1mln gektarday maydandı iyelewine qaramastan suwlandırıw jumıslarının` jetkiliksizligi ha`m ta`biyg`ıy otlaqlardı bayıtıw ma`selelerinin` u`ziliske tu`siwine baylanıslı ken`nen paydalanılmay atır. Juwmaqlap aytqanda rayon aymag`ında ulıwma paydalanıwı ushın bekitilgen awıl-xojalıg`ına jaramlı jerlerdin` maydanı 1mln, 241,6 mın` gektardı quraydı. Usınnan rayong`a paydalanıwg`a bekitilgen jaylawlar 1,1 mln gektardı, pishenlikler 5,3 mın` gektardı, al su`riwge jaramlı egislik jerler 40,1mın` gektarg`a barabar. Usı joqarıda ko`rsetilgen jer resursların tek bolg`anı A`miwda`r`ya alabında jaylasqan su`rim jerler ha`m az mug`darda putalıqlar egislik ja`ne mal sharwashılıg`ı tarawında jaylım retinde paydalanıladı. Sonlıqtan aldag`ı perspektivada rayon aymag`ında jaylawlardı suwlandırıw, al diyxanshılıq zonalarda egislik jerlerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılaw en` baslı ma`selelerden esaplanadı.

**1.2.3. Bioresursları ha`m onnan xojalıq tarawlarında ratsionallı paydalanıw jolları.**

Rayon aymag`ında bioresurslardan qamıstın`, boyannın`, jın`g`ıldın` jiyde ha`m toran`g`ıldın` tu`rleri ken` tarqalg`an. Suwg`armalı diyxanshılıq zonalarında jantaq plantatsiyaları, soraq, qarabaraq, tu`yetaban, pa`shek, suwshigin o`simlmgi ken` tirqalsa, U`stirtte aq ha`m qara seksewiller, biywrgin, keyrewik, teresken, biydaydın`, juwsan ko`plep o`sedi. Jer astı suwları o`te to`men jaylasqan jerlerde jın`g`ıl, jantaq, qoyansu`yektin` tu`rleri de ushıraydı. Bulardın` ayrımları malsharwashılıg`ı ushın ot-sho`p ha`m mebel` sanaatı shiki zat, sonday-aq ximiya sanaatında da`ri-darmaqlıq ha`m boyawlıq o`nimler alıwg`a da jaramlı.

Rayon aymag`ında a`siresse suwg`arılıp egiletug`ın diyxanshılıq zonalarında modeli o`simliklerden paxta da`nli o`simliklerden ayg`abag`ar, gu`nji, ot-sho`plik daqıllardan ma`kke, ju`weri, sudanka o`simligi, sobıqlı o`simliklerdin` tu`rleri, baqsha ha`m palız o`simlikleri de ken` tarqalg`an ja`ne u`lken xalıq-xojalıqlıq a`hmiyetke iye. Qon`ırat rayonı Qaraqalpaqstandag`ı bir ta`repi qır, ekinshi ta`repi suwlı ta`biyg`ıy komplekske bay aymaqlar qatarına kiredi. Eger U`stirt sayg`aq, kiyik, qasqır tu`lki ha`m tag`ı basqa bahalı teri beretug`ın an`lar menen ko`zge tu`sedi. A`miwda`r`ya alabındag`ı ko`ller balıg`ı, ondatra, qamıs pıshıg`ı, tu`lki shag`al ha`m tag`ı basqa an`lar menen sonday-aq g`az, u`yrek, qasqaldaq, qırg`awıl ja`ne tag`ı basqa ko`p tu`rli quslardın` tu`rlerine bay. Bulardın` ko`pshiligi sanaatında shiki zat ha`m azıq-awqatlıq a`hmiyetke de iye. Sonlıqtan rayon mashtabında ta`biyg`ıy ortalıqtı qorg`aw ha`m onı tu`r jag`ınan bayıtıw ma`selesi ayrıqsha ma`mleketlik jobada jolg`a qoyılg`an. Bul birinshiden, Aral dag`darısı tiykarında ju`z bergen ekologiyalıq apatshılıqtın` aldın alıwg`a imkaniyat berse, ekinshiden respublikadag`ı en` siyrek gezlesetug`ın haywanatlar du`n`yasının` tu`rlerin ko`beytiwge ha`m o`simlikler du`n`yasının` zu`ra`a`tligin arttırıw jolı menen olardın`, malsharwashılıg`ı tarawındag`ı a`hmiyetin saqlap qalıwg`a jol ashadı. Bul ha`m tag`ı basqa da ilajlardın` iske asırılıwı Aral dag`darısı jag`dayında ju`z bergen ta`biyg`ıy ortadag`ı Degratsiya protsessin toqtatıwg`a ha`m tarqalıp baratırg`an ha`r qıylı awrıwlardın` aldın alıwg`a mu`mkinshilik tuwdırıw menen birge ta`biyg`ıy ortalıqtın` ayrım baylıqlarınan sanaat tarawlarında paydalanıw ma`selesin sheshiwge jol ashadı. Bul Qon`ırat rayonı aymag`ında ha`zirgi islep turg`an azıq-awqat jen`il ha`m qurılıs materialları sanaatının` quwatlıg`ın ken`eytiwge ha`m jan`adan gaz, neft`, ximiya sanaatı tarawların du`ziwge mu`mkinshilik tuwdırıw mu`mkin.

## II-BAP. QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI QON`IRAT RAYONININ` DEMOGRAFIYaLIQ RAWAJLANIW O`ZGEShELIKLERI HA`M ONIN` RAYONNIN` SOTsIAL-EKONOMIKALIQ O`SIWINE TA`SIRI

### 2.1. Qon`ırat rayonı xalqının` o`siw dinamikası

Qon`ırat rayonı respublikanın` basqa rayonlarına usap xalqının` o`siw pa`ti boyınsha joqarı ko`rsetkishlerge iye. Mısalı, rayon aymag`ında 1989 jılg`ı esap-sanaq mag`lıwmatı boyınsha 90 mın` xalıq jasasa, 1998 jılg`a kelip bull ko`rsetkish 106527 mın`g`a, al 1.01.2005 jılg`ı statistikalıq mag`lıwmat boyınsha rayon xalqı 113,4 mın` adımg`a jetti. Rayonda 1989-2005 jıllar ishindegi xalıqtın` o`siw dinamikasın to`mendegi mag`lıwmatlardan bayqawg`a boladı (keste-№2).

**Keste-№2**

**Qon`ırat rayonı boyınsha xalıqtın` sanı, /mın` adam/.**

| Jıllar | 1989 | 1995 | 2000 | 2005 | 2010 |
|---|---|---|---|---|---|
| Xalıqtın` ulıwma sanı | 91205 | 103991 | 110500 | 113400 | 116600 |
| Sonın` ishinde: | | | | | |
| Qala xalqı | 51100 | 56951 | 70100 | 71500 | 74300 |
| Awıl xalqı | 40105 | 47040 | 40400 | 41900 | 42300 |
| Ulıwma xalıq sanına, % | | | | | |
| Qala xalqı | 56,0 | 54,9 | 63,4 | 63,1 | 63,7 |
| Awıl xalqı | 44,0 | 45,2 | 36,6 | 36,4 | 36,3 |
| Ulıwma xalıqtın` ishinde: | | | | | |
| Erler | 44929 | 51128 | 54458 | 55529 | 59400 |
| Hayallar | 46296 | 52533 | 56069 | 57871 | 57200 |
| Protsentlik esapta | | | | | |
| Erler | 49,2 | 49,5 | 49,8 | 49,0 | 51,0 |
| Hayallar | 50,8 | 50,5 | 50,2 | 51,0 | 49,0 |

Kestede berilgen mag`lıwmatlar boyınsha 1989-2000 jıllar aralıg`ında, yamasa 21 jıl ishinde xalıq sanı 22,2 mın`g`a ko`beygen. Ko`rsetilgen jıllarda yamasa 1989-2010 shı jılları qala xalqı 20,4 mın` adamg`a, awıl xalqı 18,8 mın` adamg`a ko`beygen yag`nıy 1989 jılı xalıq esap- sanaq mag`lıwmatı boyınsha qala xalqı 50 mın` adam bolg`an bolsa, al 2010-jılı 74 mın` 300 adamg`a jetken, al awıl xalqı 42 mın` 300 adamdı quradı.

Qon`ırat rayonının` xalqının` o`siwi birinshiden ta`biyiy o`sim ha`m ko`p balalı shan`araqtı qollap-quwatlawshılıq sebepli bolıp otır. Son`g`ı waqıtları rayon ko`leminde xalıqtın` materiallıq ha`m sotsiallıqt jag`dayının` jaqsılanıwı, ha`m de

balag`a ha`m tuwılg`an balanın` sanına qarap beriletug`ın napaqa mug`darının` ko`beytiliwi, hayal-qızlarg`a dekret olpuskalarının` sozılıp beriliwi ha`m kqp balalı analarg`a u`yde islewshi jag`day tuwdırıwı ha`m ku`nlik jumıs waqtın qısqartıwı ha`m xalıqtın` o`siwine qolaylı jag`day tuwdırıp bermekte. Joqarıdag`ı mag`lıwmatlar boyınsha rayon xalqı 10 jıl ishinde yag`nıy 1989-2000 jıllarda 10 protsentke ko`beygen yamasa bull o`sim 16,5 mın` adamg`a ten`. Usı jıllar ishinde awıl xojalıg`ının` o`siwi de biriz ko`beygen. Bunın` sebebi keyingi jıllarda awıl-xojalıg`ında alıp barılıp atırg`an reformag`a baylanıslı yamasa jerlerdi ha`m sharwa mallardı ijarag`a beriw jerlerdi jeke menshikke beriw ha`m ha`r qıylı xojalıqlardın` du`ziliwine baylanıslı xalıq awıllıq jerlerge ko`plep ko`ship barmaqta. Biriqta usıg`an qaramastan qala xalqı rayon territoriyasında protsent esabında alg`anda basqa rayonlarg`a salıstırg`anda bir qansha joqarı. Mısalı, 1989 jılı qala xalqı 56 protsentti qurag`an bolsa, 2000 jılg`a kelip bull ko`rsetkish 63,4 protsentke kelip bull ko`rsetkish yag`nıy qala xalqı 2 protsentke azayg`an bolsa da, qala xalqı awıl xalqına salıstırg`anda bir qansha basım.

Al, awıl xalqı 1989 jılı 44,0 protsent bolg`an bolsa, 2000 jılg`a kelip 36,6 protsent boldı. Solay etip ha`zirde rayon xalqının` 63,4 protsenti qalada, al 36,6 protsenti awılda jasaydı. Qala xalqının` basım bolıwının` sebebi Qon`ırat qalasında bir qansha ka`rxana, mekemelerdin` toplanıwı ha`r qıylı tarawdag`ı jumıslardın` ko`pligi sebep bolıp atır.

Sonın` ishinde rayon xalqının` 1989 jılg`ı esap boyınsha 49,2 protsent, erkekler, al hayal-qızlar 50,8 protsent bolg`an bolsa, 2000 jılg`a kelip erkekler 49,8 protsent, hayal-qızlar 50,2 protsent boldı. Qon`ırat rayonının` demografiyalıq rawajlanıwı №3 kestede ko`rsetilip o`tiledi. Usı mag`lıwmatlarg`a analiz jasasaq rayon aymag`ında ha`r bir 1000 adamg`a esaplang`an o`liwshilik aytarlıqtay kemeymekte. Sonın` menen qatar tuwılıwshılıqta to`menlep barmaqta. Eger 1989 jılı ha`r bir 1000 adamg`a 1,9 ese joqarı bolsa, ha`zir barlıg`ı bolıp tuwılıwshılıq 24,2 adamdı quraydı, al 1989 jılı bull ko`rsetkish 40,5 adam bolg`an. Bunın` baslı sebebi Aral dag`darısının` kelip shıg`ıwı bolıp esaplanadı. Rayon xalqının` ko`beyiwinin` tiykarg`ı sebeplerinin` biri xalıqtın` jasaw da`wirinin` uzayıwına baylanıslı bolıp otır.

**Keste №3**

**Xalıqtın` o`simi, tuwılıwshılıq ha`m o`liwshilik haqqında mag`lıwmat /1000 adamg`a/.**

| Ko`rsetkishleri | 1990 | 1996 | 2000 | 2005 | 2010 |
|---|---|---|---|---|---|
| Tuwıwshılıq | 40,5 | 26,6 | 28,8 | 24,3 | 24,2 |
| O`liwshilik | 10,5 | 7,0 | 6,1 | 5,3 | 5,0 |
| Xalıqtın` ta`biyiy o`simi | 30,1 | 19,6 | 22,6 | 19,0 | 19,2 |
| Balalar o`simi | 23,4 | 23,7 | 23,3 | … | 10,3 |

Rayon aymag`ında xalıqtın` ta`biyg`ıy o`siwine ta`sir etip atırg`an ekinshi faktor, adamlardın` miynet iskerligindegi ayırım unamlı tendentsiyalar esaplanadı. Eger burın Qon`ırat rayonının` xalqı jalpılamay awıl xojalıg`ı menen shug`ıllansa barlıq xalqı derlik awıllarda jasasa, bu`gingi ku`nde rayon xalqının` ko`pshiligi awıl-xojalıg`ı kelip bir qatarda sanaat, transport, sawda ha`m basqa da ko`p sanlı ma`deniy ka`sipler iyeleri payda bolmaqta. Bulardın` barlıg`ı ta`biyg`ıy o`simge ta`sir etpekte. Rayon aymag`ında ha`r bir mın` adamg`a 1989 jılı 34,4 adamnan tuwra kelse, sonnan 4,3 adam o`lip. Solay etip ta`biyiy o`sim 30,1 adamnan tuwra keledi. Al 2000 jılı ta`biyg`ıy o`sim 19,0 adam bolg`an bolsa o`liwshilik 1000 adamg`a 6,1 adamdı quradı. Biraq degen menen balalar arasında o`liwshilik ko`p bolmaqta, bull ko`rsetkish 2005 jılı 23,3 bala boldı. Bunın` tiykarg`ı sebeplerinin` biri Aral dag`darısına baylanıslı ha`r qıylı keselliklerdin` tarqalıwı ha`m ishimlik suwdın` quramında minerallıq birikpelerdin` ko`beyiwi ha`m Araldan bosakg`an territoriyalardan duzlı shan`lı topıraqtın` suwg`armalı territoriyalardan suwg`armalı jerlerge ha`m elatlı punktlerge ta`sir etiwi na`tiyjesinde bolıp atır. Sonlıqtan taslandı suwlardı ag`ıng`a ag`ızıwdın` aldın alıw ha`m ishetug`ın kanal suwların taza uslaw a`hmiyetli ilajlar qatarıatarına kiredi. Keyingi jıllarda azıq-awqat eginlerdin` ishetug`ın suwlardın` za`ha`rli elementler menen pataslanıwı rayon xalqının` sarı awırıw, bu`yrek, o`t qalta ha`m bawır tası kesellikleri menen keselleniwine alıp kelmekte. Usıg`an baylanıslı bul regiong`a ha`r qıylı sho`lkemler o`z ja`rdemlerin ko`rsetpekte. Sonday-aq rayon xalqının` hayal-qızlarının` 70 protsentten aslamı qanı azlıq keselligi menen kesellengeni anıqlang`an. Ekologiyalıq apatqa ushırag`an territoriyalardan ha`r qıylı duzlı topıraqlardın`, samalardın` ta`siri rayon xalqın za`ha`rli ha`r qıylı awırıwlardı keltirip shıg`arıp atır. Solardan dem qıspa, rak ha`m tag`ı basqa awırıwlar ko`beygen.

## 2.2. Rayon xalqının` geografiyalıq jaylasıwı

Qon`ırat rayonındag`ı xalıqtın` geografiyalıq jaylasıwında qala ha`m awıl xalqının` salıstırmalı u`lesinde de u`lken o`zgerisler tabıladı. Rayon xalqının` 55 protsentke jaqını qalalıq jerde jasaydı. Ayırım jıllar ishinde rayon xalqının` geografiyalıq jaylasıwı ha`m zonalar boyınsha qonıslanıwındag`ı o`zgesheliklerdi to`mendegi mag`lıwmatlardan bayqawg`a boladı. Kestedegi mag`lıwmatlar boyınsha Qon`ırat rayonının` xojalıqları boyınsha geografiyalıq tarqalıwı birdey emes. Awıl xalqının` en` ko`p qonıslang`an zonalarına, Nawrız, awıl soveti kirip, onda 13069 adam, ekinshi orında Qon`ırat awıl soveti 10716 adam jasaydı. Awıllıq xojalıqlar en` ko`p xalıq jasaytug`ın zonalardan Axunbabaev, /1714adam/.

Qon`ırat /7320 adam/ shirket xojalıqları esaplanadı yag`nıy Nawrız awıl sovetinde, awıl xalqının` 25 protsentke shamalası, Qon`ırat awıl sovetinde 22 protsenti, Axunbabaev xojalıg`ında 20 protsenti, Qon`ırat xojalıg`ında 19,5 protsenti jasaydı.

Xalıqtın` en` kem jaylasqan xojalıqlarına Qanlıko`l ha`m Jan`atalap xojalıqları kiredi. Bul jerlerde awıl xalqının` 1,7-1,8 protsenti jasaydı, yamasa “Qanlıko`l” xojalıg`ında 1718 adam, al Jan`atalap xojalıg`ında 1840 adam jasaydı.

Solay etip xalıq awıllıq jerlerde ju`da` siyrek ha`m birdey jaylaspag`an. Mısalı, 1989 jıldan 2010 jıllar aralıg`ında o`sim ayırım xojalıqlarda joqarı bolg`an. Bunı Ko`kda`r`ya ha`m Qon`ırat xojalıqlarında ko`riwge boladı. Bunnan basqa Qon`ırat qalasının` ishindegi ma`ha`llelerde xalıq birdey jaylaspag`an (keste-№4).

Mısalı, №2-ma`ha`llede 10168 adam bolsa yag`nıy Qon`ırat qalasının` 40 protsentke shamalası jasap, №3-ma`ha`llede barlıg`ı bolıp 3032 adam yag`nıy sol xalqının` 3% ti jasaydı. Al Qon`ırat qalasının` xalqı sanı ha`zirgi waqıtta 34755 adam.

Bunnan Qon`ırat qalasının` “Go`ne qala” dep atalıwshı “Altınko`l” posyolkasında 23933 xalıq jasaydı, yamasa qala xalqının` 40 protsenti usı posyolkag`a tuwra keledi. Al bul posyolkanın` o`zinde 7 ma`ha`lle bar. Bul ma`ha`llelerdegi xalıq sanı derlik barlıg`ının` ten`dey bo`listirilgen.

**Keste №4**

**Qon`ırat rayonının` ta`biyg`ıy geografiyalıq zonaları ha`m xojalıqları boyınsha xalıqtın` jaylasıwı (2010 jıl mag`lıwmat).**

| Awıllıq punktler | Rayon b/sha Xalıq sanı | Awıllıq elatlı punktler ha`m ma`ha`lleler |
|---|---|---|
| Barlıq rayon boyınsha | 116600 | |
| Qon`ırat qalası | 70100 | a/s Qon`ırat 10716 |
| Ma`ha`lle №1 | 6619 | a/s Xorezm 6310 |
| Ma`ha`lle №2 | 10168 | a/s Rawshan 4661 |
| Ma`ha`lle №3 | 6267 | a/s Nawrız 13068 |
| Ma`ha`lle №4 | 4257 | k/z Qanlıko`l 1718 |
| Ma`ha`lle №5 | 3032 | k/z Xorezm 4592 |
| Ma`ha`lle №6 | 4412 | k/z U`stirt 3396 |
| Altınko`l posyolkası | 23933 | k/z Qon`ırat 7320 |
| Ma`ha`lle №7 | 4261 | k/zKo`kda`r`ya 5854 |
| Ma`ha`lle №8 | 4459 | k/z Axunbobaev 7714 |
| Ma`ha`lle №9 | 3481 | k/z Jan`atalap 1840 |
| Ma`ha`lle №10 | 2710 | k/z A`jiniyaz 2610 |
| Ma`ha`lle №11 | 2261 | k/z Rawshan 4661 |
| Ma`ha`lle №12 | 3356 | |
| Ma`ha`lle №13 | 3396 | |
| Barlıq posyolkalar | 9585 | |
| Sonın` ishinde: Qubla u`stirt | 585 | |
| Pos. Karakalpakiya | 4004 | |
| Pos. Jaslıq | 3828 | |
| Pos. Aqsholaq | 1168 | |
| Barlıq puxaralar | 39205 | |
| Sonın` ishinde: a/s Qıpshaq | 4450 | |

Rayon territoriyasındag`ı U`stirt tegisliginin` u`stinde Qubla U`stirt, Karakalpakiya, Jaslıq, Aqsholaq posyolkaları jaylasqan bull jerdegi xalıq bir tekli jaylaspag`an. Mısalı Qubla U`stirt posyolkasında 1998 jılı, 585 adam bolsa, al U`stirt tegisligindegi en` u`lken posyolka esaplang`an Karakalpakiya xalqının` sanı 4004 adam. Bul jerdegi xalıq sanının` ko`beyiwinin` tiykarg`ı sebeplerinin` ha`r qıylı ka`nlerdin` tabılıwı mal sharwashılıg`ının` rawajlanıwı, ha`zirgi waqıttag`ı alıp barılıp atırg`an iri-iri qurılıslar sebep bolmaqta. Keyingi jıllarda rayon aymag`ında xalıqtın` geografiyalıq jasawı ha`m zonalıq o`zgesheligi ko`pshilik jag`dayda rayon xojalıqlarılarын` qa`niygelesiw da`rejesine baylanıslı, keyingi jıllarda Ko`kda`r`ya, A`jiniyaz xojalıqlarında xalıqtın` ko`beyiwine, ha`i adam qonıslang`an elatlı punktlerdin` payda bolıwına alıp kelmekte. Bunnan basqa burınnan paxtashılıqqa qa`niygelesken territoriyalarda xalıq ko`plep toplang`an. Mısalı: Axunbabaev, Qon`ırat xojalıqları territoriyasında xalıq 1 $km^2$ jerge 1,3 adamnan tuwra keledi. Rayon aymag`ında xalıqtın` bunnan bılayda o`siwi ushın u`lken imkaniyatlar bar.

## 2.3. Rayon xalqının` jınıslıq quramı ha`m onın` miynet resurslarının` qa`liplesiwine ta`siri

Rayon xalqının` 51 % erler, 49 % hayal-qızlar quraydı. Sonın` menenqatar 60 jastan joqarı adamlar 1998 jılı 2490 adam bolsa, 2010 jılg`a kelip 11284 adamg`a jetti. Solay etip xalıqtın` jas ha`m jınıs quramındag`ı o`zgerisler miynetke jaramlı jastag`ı adamlardın` ko`beyiwine jol ashtı. Ha`zir jumısqa jaramlı yamasa xalıq xojalıg`ında islewshilerdin` sanı 38947 adamg`a jetti. Bul 1991 jılg`a salıstırg`anda eki ese derlik ko`p, yamasa bul rayon xalqının` 33,9 protsentin quraydı, degen so`z. Rayon xojalıg`ındag`ı islewshi adamlardın` sanı haqqında to`mendegi tablitsadan ko`riwge boladı.

Qon`ırat rayonı xalqının` quramın ko`p milletli bolıp, onda Oraylıq Aziya milletindegi /qaraqalpaq, o`zbek, qazaq h.t.b./ xalıqlar 92,83 protsentti quraydı. Eger rayon territoriyasındag`ı xalıqtı 100 protsent dep alsaq, usınnan qaraqalpaqlar, o`zbekler, qazaqlar, tu`rkmenler, orıslar, tatarlar, qırg`ızlar, ukrainler, koreytsler rayon xalqının` salıstırmalı u`lesinde 16,83 ten 0,02 protsentin olardın` tutqan salıstırmalı u`lesi to`mendegi tablitsada berilgen.

Keste mag`lıwmatlar boyınsha rayon xalqının` milliy sostavında Qaraqalpaq milletindegi adamlar xalıqtın` 16,83 protsentin quraydı, bull 1995 jılg`a salıstırg`anda. 1,3 protsentke to`menlengen (keste-№5). Solay etip rayon xalqının` milliy sostavında qazaqlar 42,2 protsentti qurap aldın`g`ı orında turadı.Rayon aymag`ında qaraqalpaqlar birdey tarqalmag`an. Olardın` ko`pshiligi Altınko`l posyolkasında, Qon`ırat ha`m A`jiniyaz atındag`ı xojalıqlarda jaylasqan. Al qazaq milletindegi xalıqlar rayonnın` Rawshan, U`stirt, Jan`atalap xojalıqlarında, Altınko`l posyolkasının` birinshi bo`liminde, U`stirt posyolkasındag`ı barlıq posyolkalarda jaylasqan ha`m basım ko`pshiligin quraydı.

**Keste №5**

**Rayon xalqının` millet quramı**

| Milletler | 1979 j.g`ı xalıqsanı | % | 1989 j.g`ı xalıq sanı | % | 2010 stat. mag`lıwmat | % |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **Barlıq xalqs, mın` adam Usınan:** | 73200 | **100,0** | **92000** | **100,0** | **116600** | **100,0** |
| **Qaraqalpaqlar** | **14885** | **14,3** | **17930** | **16,30** | **27200** | **23,3** |
| **O`zbekler** | **35458** | **34,1** | **360,13** | **33,8** | **46000** | **39,4** |
| **Qazaqlar** | **44897** | **43,2** | **45000** | **42,2** | **40900** | **35,1** |
| **Ruslar** | **2301** | **2,2** | **2168** | **2,04** | **1,0** | **0,85** |
| **Tatarlar** | **435** | **0,4** | **452** | **0,42** | **0,4** | **0,35** |
| **Qırg`ızlar** | **23** | **0,02** | **25** | **0,02** | **0,37** | **0,31** |
| **Ukrainler** | **57** | **0,05** | **60** | **0,06** | **0,02** | **0,00** |
| **Koreytsler** | **797** | **0,8** | **636** | **0,60** | **0,3** | **0,03** |
| **Tu`rkmenler** | **650** | **0,6** | **671** | **0,63** | **0,2** | **0,018** |
| **Basqada milletler** | **3907** | **3,8** | **3370** | **3,4** | **0,6** | **0,52** |

Bunnan basqa jergilikli xalıq wa`killerinen o`zbekler bolıp, rayon xalqının` 39,4 protsentin qurap, olar Axunbabaev, Qanlıko`l, Xorezm xojalıqlarında ko`plep toplang`an. Qaysı millet bolsa da olar rayon xojalıq tarawlarında, a`siresse paxtashılıq, salıgershilik, sharwashılıq tarawlarında xızmet isleydi.

Al rus milletindegi xalıqlar rayon xalqının` 0,85 protsentin qurap olar tiykarınan rayonnın`, “Taza qala” bo`liminde toplang`an, olar qurılıs, temir jol tarawlarında, zavodlarda xızmet isleydi. Al qaraqalpaq, o`zbek, qazaq milletindegi adamlar ko`binese awıl xojalıg`ının` barlıg`ında xızmet isleydi. Koreets milletindegi adamlar rayon xalqının` 0,6 protsentin qurasa da olar salıgershilik tarawın rawajlandırıwda o`z u`leslerin qospaqta. Solay etip rayon xalqı ekologiyalıq awır sharayatqa qaramastan 20 mın` adamg`a ko`beydi, bull basqa rayon ko`rsetkishlerinen qalıspaydı.

En` quwanıshlı jag`day rayon xalqı o`tiw ekonomikalıq da`wirinde jan`a professiyalardı iyelep xalıq xojalıg`ının` tu`rli tarawlarında jumıs islemekte, na`tiyjede rayon aymag`ın xalıqtın` qonıslıwında, sonday-aq awıllıq jerlerdin` ma`deniyatın rawajlandırıwda jan`a tabıslar qolg`a kirgizilmekte ha`m xalıqtın` initsiativası ko`terilmekte.

### 2.4. Qon`ırat rayonının` miynet resursları ha`m onın` xalıq xojalıg`ı tarawları boyınsha bo`liniwi

Bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde xalıq xojalıg`ı tarawların kvalifikatsiyalı rabochiy ha`m xızmetkerler menen ta`miyinlew bu`gigi ku`nnin` bas wazıypaları qatarına kiredi. Biraq xalıq xojalıg`ının` miynet resurslarına degen o`z o`zliginen ta`miyinlenbeydi ha`m og`an ta`sir etetug`ın bir qansha faktorlardı biliw ha`m onı durıs orın-ornına jaylastıra biliw de kerek. Bizin` respublikamız sonday-aq Qon`ırat rayonı aymag`ında miynet resurslarının` ko`beyiwi ba`rinen de burın xalıqtın` ta`biyiy o`simine de tikkeley baylanıslı.

Durısında Qaraqalpaqstan respublikası ha`m Aral krizisi epitsentrinde jaylasqan Qon`ırat rayonı bu`gingi ku`nlerde qıyın sharayatlardı bastan keshirse de xalıqtın` joqarı ta`biyiy o`simine iye. Mısalı, 2000 jılg`ı mag`lıwmat boyınsha Qaraqalpaqstan respublikasında ha`r bir 1000 adamg`a ta`biyiy o`sim 17-19 adamdı qurasa, bull ko`rsetkish Qon`ırat rayonı aymag`ında 15-17 adam shamasında. Bul ko`rsetkish ju`da` quwanayorlıq ha`m salıstırmalı da`rejede joqarı. Mısalı, eger ha`r ta`repleme ta`minlengen ha`m ha`r qıylı ta`biyiy sharayatqa iye ellerdin` biri Germaniya, Ukrainada mın` adamg`a 0,6-0,7 adamday ta`biyiy o`sim bolsa bull ko`rsetkish Rossiya federatsiyası `atıs Evropada jaylasqan Belgiyada 2-4 adamnan artpaydı. Solay etip bizin` u`lkemizde ha`zirgi qa`liplesken demografiyalıq sharayatlar miynet resurslarının` ja`mligin ha`m alg`a qoyılg`an rejelerdi sheshiwge qolaylı miynet resursları balanısı tayar ekenligin ko`rsetedi. Keyingi jıllarda rayon xalqının` san jag`ınan ko`beyiwinde baslı faktor retinde xalıqtın` ta`biyiy o`simi ko`zge tu`sedi.

Rayon Qaraqalpaqstan respublikasındag`ı en` qolaysız ta`biyiy sharayatqa, a`siresse Aral ten`izinin` epitsentrine ju`da` jaqın jaylassa da xalıqtın` ta`biyiy o`simi aytarlıqtay joqarı. Na`tiyjede rayon xalqı keyingi 20 jıl ishinde (1990-2010j.j.) avsolyut da`rejede 20 mın` adamg`a yaki 110,6 % ke joqarıladı. Rayon aymag`ında xalıqtın` san jag`ınan ko`beyiwinde beogili da`rejede tuwılıwdın` faktorı menen jıl sayın o`liwshiliktin` qısqarıwı u`lken ta`sir jasamaqta. Eger, mısalı 1990 jılda ha`r bir 1000 adamg`a tuwra keletug`ın o`liwshilik koefitsenti 10,4 adam bolsa, bull ko`rsetkish ha`zirgi ku`nde 6,1 adamg`a pa`seydi. Ko`rsetilgen jıllar ishinde xalıqtın` jınıs ha`m jas quramı turaqlastı.

Rayon aymag`ında xalıqtın` geografiyalıq jaylasıwının` jaqsılanıwı, sonday-aq awıllıq jerlerde xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın sferalardı rawajlandırıw arqalı qosımsha jumıs ornı sho`lkemlestirildi.

Xalıq xojalıg`ı tarawların intentsifikatsiyalaw, islep turg`an ka`rxanalardı qayta qurıw jolı menen o`ndiris protsessine jan`a texnologiyanı engiziw baslandı. Rayon aymag`ında jaylasqan janıwshı gaz, as duzları, qurılıs materialların o`ndiriw ha`m awıl xojalıg`ı o`nimlerin qayta islep shıg`aratug`ın ka`rxanalardı ratsionallı jaylastırıw ha`m o`ndiris quwatlarınan aqılg`a muwapıq paydalanıw printsiplerin engiziwge baylanıslı xalıq xojalıg`ında islewshilerdin` sanı ko`beymekte ha`m tarawlar arasında jumısqa jaramlı miynet resurslarınan durıs paydalanıw ma`selesi sheshilmekte. Usıg`an sa`ykes o`ndiris protsessinde islewshilerdin` sanı 1990 jıllardag`ı 15,1 adamnan, 2000 jıllarda 27,2 mın` adamg`a ko`beydi. Bu`gingi ku`nlerde Qon`ırat rayonın` xalıq xojalıg`ı tarawlarında islewshi adamlardın` sanın to`mendegi tablitsa mag`lıwmatlarınan da ko`riw mu`mkin (keste-№6).

Bul mag`lıwmatlardan ko`rinip turg`anınday islewshilerdin` ko`pshiligi jumısları menen ba`nt ekenligi bayqaladı. Keyingi waqıtları xalıq xojalıg`ı tarawlarının` rawajlanıwı menen o`ndiris tarmaqlarında islewshilerdin` sanı bir qansha arttı. Mısalı, sanaat tarawlarında 1990 jılı 465 adam islegen bolsa, bull ko`rsetkish 10 esege ko`beydi, yag`nıy 2000 jılda bull tarawda islewshiler sanı 4182 adam bolsa, ko`rsetilgen jıllar ishinde qurılıs tarawlarında islewshiler sanı 2621 adamnan 7010 adamg`a, transport ha`m baylanıs tarawında islewshiler sanı 493 adamnan 3738 adamg`a ko`beygen. Bunnan rayon aymag`ında g`a`rezsizlik jıllarında bir qansha tarawlar o`zinin` rawajlanıw startın baslag`anlıg`ı ko`rinip tur. A`siresse finans ha`m qamsızlandırıw tarawlarında islewshiler sanı 160 adamnan 4383 adamg`a jetti. Bul rayon aymag`ında o`ndiriwshi ku`shlerdi rawajlandırıw, sonday-aq paydalanılmay atırg`an o`ndiris rezervlerinen paydalanıwdag`ı da`slepki qa`demlerden esaplanadı.

**Keste-№6**

**Xalıq xojalıg`ında islewshilerdin` sanı, adam esabında**

| Taraw atları | 1990 | 1995 | 2005 | 2010 |
|---|---|---|---|---|
| **Xalıq xojalıg`ı boyınsha barlıg`ı** | **15132** | **16980** | **37243** | **39757** |
| **Sonnan:** | | | | |
| **Sanaatta** | **465** | **1287** | **4182** | **922** |
| **Awıl xojalıg`ı** | **7380** | **7960** | **7773** | **5319** |
| **Tog`ay xojalıg`ında** | **///** | **65** | **56** | **52** |
| **Qurılısta** | **2621** | **1875** | **1010** | **1708** |
| **Transport ha`m baylanıs tarawları** | **493** | **310** | **3738** | **5803** |
| **Sawda, ja`miyetlik awqatlanıwda** | **1056** | **360** | **1225** | **187** |
| **O`ndiristin` basqa tarawlarında** | **639** | **1023** | **1055** | **1274** |
| **Xızmet ko`rsetiw tarawlarında** | **330** | **120** | **512** | **1281** |
| **Den-sawlıqtı qorg`aw ma`deniyat tarawında** | **1588** | **3578** | **5247** | **5617** |
| **Finans, qamsızlandırıw mekemelerinde** | | **160** | **4388** | **241** |
| **Basqarıw strukturalarında** | | **130** | **173** | **210** |
| **Basqa da tarawlarda** | **530** | **145** | **1870** | **18851** |

Biraq xalıq xojalıg`ı tarawlarının` ha`zirgi strukturası ha`m tarawlar boyınsha isleytug`ın jumısshı ja`ne xızmetkerlerdin` sanlıq ko`rsetkishleri rayon aymag`ında miynetke jaramlı jumısshı ku`shi tolıq ma`niste ratsionallı paydalanılmaqta ha`m olardın` tarawlar boyınsha bo`liniw proportsiyaları ha`zirgi zamang`ı ilimiy progresstin` talabına tolıq ma`niste juwap beredi degen tu`sinik shıqpaydı. №6 kestede ko`rsetilgen mag`lıwmatlardı analiz jasasaq rayon aymag`ında xalıq xojalıg`ı tarawlarında islewshi jumısshı ha`m xızmetkerler sanı artpaqta. Biraq jumısshı ha`m xızmetkerlerdin` sanının` ko`beyiwi ko`pshilik jag`daylarda awıllarda jasawshı xalıqtın` esabınan diyxanshılıq, mal sharwashılıg`ı, sonday-aq irrigatsiya tarawlarında islewshilerdin` esabınan ko`beymekte. Mısalı, ha`zir awıl xojalıg`ında 7,8 mın`day jumısshı ha`m xızmetkerler jumıs islesse, finans ha`m qamsızlandırıw tarawlarında 4,3 mın` adam transport sferalarında 4 mın`g`a jaqın jumısshılar xızmet etedi, sanaatta bolsa 4 mın` adam g`ana jumıs isleydi.

Xalıqtı jumıs penen ta`minlewde xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın sferalardın` ornı joqarı bolıwı qa`jet edi. Biraq xızmet ko`rsetetug`ın sferalardın` (o`ndiris emes sferalar) rayon aymag`ında roli ele to`men, na`tiyjede xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın sferalarda rayon aymag`ında jumıs penen ba`nt adamlardın` tek bolg`anı 18,5 g`ana jumıs isleydi, bull ju`da` qolaysız. Eger Evropada jaylasqan

Bel`giya yamasa Niderlandiyanı mısalg`a ol ellerde xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın tarawlar xalıqtın` ku`n ko`riwi ushın tiykarg`ı derek esaplanadı ha`m bul jumısshı ha`m xızmetkerlerdin` 80-83% ti jumıs isleydi. Sonlıqtan xalıqtın` ku`n ko`riwi ushın qolaylı baylıq deregi retinde materiallıq o`ndiris sferalarına kirmeytug`ın tarawlardı rawajlandırıw qa`jet.

Joqarıda aytqan kategoriyadag`ı yag`nıy o`ndirislik emes tarawlardı rawajlandırıw rayon aymag`ında xalıq xojalıg`ına payda jumıs ornın du`ziwge belgili da`rejede u`les qosatug`ını so`zsiz. Sonlıqtan bull miynettin` eki tarawı da paydalı bolıp esaplanadı. Xalıq xojalıg`ı quramına kiretug`ın ilimiy mekemelerdin` ha`m sawda sho`lkemlerinin` jumıs rejelerin durıs sho`lkemlestiriwge ayrıqsha itibar beriw kerek. Ma`selen gsheografiyalıq izertlew jumıslarında ilimpazlardın` miynetleri, sawda tarawında islewshilerdin` miynetlerin o`ndirislik tarawlardın` dawamı dep ataladı. Sonlıqtan erten`gi ku`ngi o`ndiris rezervlerinen durıs paydalanıw za`ru`r.

Statistikalıq esaplawlarda miynet qorlarına to`mendegi jastag`ı adamlar kiredi. Jası 16-54 jasqa shekemgi hayallar, usı jastag`ılar ishinde I-II gruppadag`ı invalidler miynet resurslarına kirmeydi, biraq qa`lewinshe jumıs huqıqına iye. Eger jası 60 tan joqarı bolsa da biraq xalıq xojalıg`ı tarawında islep atırsa olarda miynet resursına kiredi. Biraq statistikalıq mag`lıwmaqa qarag`anda bull kategoriyadag`ı adamlar rayonda ko`p emes. Sebebi, son`g`ı jılları rayon xalıq xojalıg`ının` bazı tarawlarında, a`siresse ag`artıw, ma`mleketlik apparat tarawlarında jası 60 tan o`tip islep atırg`an adamlar sanawlı bolıp qaldı. Sonlıqtan xalıq xojalıg`ının` bazı tarawlarında kadrlar jetkiliksiz bolg`anlıqtan jumısqa uqıplı napaqa jasındag`ılardı da jumıs penen ta`minlew siyasatı da`stu`rge aynalmaqta.

Son`g`ı jıllarda energetikalıq resurslardın` ha`dden tıs qımbatlawına baylanıslı Qaraqalpaqstan territoriyasın ha`r ta`repleme izertlew ushın ilimiy institutlardın` jumısın jan`alandırıw ha`m taza geologiyalıq ilimiy izertlew oraylarіn du`ziw ku`n ta`rtibindegi baslı ma`seleler qatarına aynalıwı qa`jet.

O`zbekstan Respublikasının` arqa ta`repindegi ajıralmas bo`legi bolg`an Qaraqalpaqstannın` Qon`ırat rayonının` xalqın jumıs penen ta`miynlew ushın jan`a sanaat oraylardın du`ziw maqsetke muwapıq keledi. Sebebi ha`zirdin` o`zinde joqarı ha`m orta qa`niygeli mamanlardı jumıs penen ta`minlew qıyınlaspaqta al aldag`ı waqıtta o`z oqıw protsessin tamamlap jumısqa talaban ka`sip-o`ner oqıw orınlarının` tayarlag`an kadrlerin jumıs penen ta`minlewge bu`ginnen baslap-aq kirisiw kerek. Sonlıqtan miynet birjası kadrlardı esapqa alıw ha`m olardı jumıs

penen ta`miynlewde tek statistikalıq emes, al qa`niygelesken, al sho`lkemlestiriwshi ora funktsiyasına o`tiwi tiyis.

Aldag`ı keleshekte Qaraqalpaqstan Respublikası ha`m onın` quramındag`ı Qon`ırat rayonı xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın o`ndirislik ha`m o`ndirislik emes sferag`a tiyisli ka`rxanalar qurıw ha`m jumıs islewshilerdi jumı ornı menen ta`min etiwi qa`jet, sebebi 1990-2000 jıllar aralıg`ında bir qansha ka`rxanalar bankrotqa ushırap xalıqtı jumıs penen ta`minlewde qıyınshılıqqa duwshar boldı. Sonlıqtan miynet resursları tuwralı so`z etkende xalıqtı materiallıq ha`m materiallıq emes tarawlarg`a tuwrı bo`listiriw tiykarg`ı orındı iyeleydi. Usı eki sferadag`ı proportsiya buzılsa, o`ndiriste jumıstın` pa`seyiwine alıp keledi.

Qon`ırat rayonında 2005 jılg`ı statistikalıq mag`lıwmat boyınsha jumısqa jaramlı jastag`ı miynet resurslarının` sanı 53,4 mın` adamdı quradı, bull barlıq xalıqtın` 48,1 %ine ten`. Usı miynet resurslarının` bir bo`legi rayonnın` awıllıq jerlerine tuwra keledi. Al qalada rayon xalqının` 59,8 %ti miynet jasındag`ı kategoriyanı quraydı. Solay etip jumıs penen ta`minlewge tiyisli adamlar 22360 adamdı quraydı.

Qon`ırat qalası rayonnın` ha`kimshilik orayına baylanıslı jumıs penen ta`minleniw da`rejesi boyınsha bir qansha jaqsı, rayon orayında da xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın ka`rxanalar az. Rayon orayında 3 orta mektep, 1 litsey, 2 emlewxana, 1 ka`sip-o`ner kolledji ha`m basqa da xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın tarawlar bar. 2000 jılg`ı statistikalıq esap boyınsha bul tarawda jumıs isleytug`ın adamlar sanı tek bolg`anı mın` (1000) adamdı quraydı, yaki rayon aymag`ındag`ı jumısqa tartılg`an (jumısshı ha`m xızmetkerlerdin`) miynet resurslarının` 0,5%ine ten` degen so`z. Demek bul ko`rsetedi, rayonda a`dewir mug`dardag`ı miynet resursların jumıs penen ta`minlew mu`mkinshiligi bar ekenligin. Bul tiykarınan alg`anda miynetke jaramlı jastag`ı jaslar, a`siresse bala ta`rbiyası menen ba`nt hayal-qızlar bolıp esaplanadı. Sebebi rayon orayına qarag`anda qala tipindegi posyolkalarda sanaat ka`rxanaları, sonday-aq xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın sferalar to`men rawajlang`an.

Keyingi jıllarda rayon aymag`ında ximiya sanaatına tiyisli ka`rxanalardın` qurılıs jumısları baslansa da bull ob`ektler qala xılqın tolıq jumıs penen ta`miynlegendey bolmay atır. Tek qurılıs materialların islep shıg`aratug`ın ka`rxanalar iske tu`sirilgenlikten bularda hayal-qızlardın` miyneti tiyisli qariydarların tappay atır. Rayonda awıl xojalıq o`nimlerin qayta islep shıg`aratug`ın azıq-awqat ka`rxanaları da ko`p emes. Qon`ırat rayonı

Qaraqalpaqstannın` en` iri qarako`lshilik, salıgershilikke qa`niygelesken aymaqlarınan biri bolsa da, awıl xojalıq o`nimlerin, a`siresse mal sharwashılıg`ına baylanıslı “shirpotreb”orınları joq. Ha`zir rayon xalqının` 37 protsenti awıllarda jasaydı. Olardın` ulıwma sanı 40,4 mın`nan aslam. Biraq awıllıq xojalıqlarda tolıq jumıs penen ta`minlengen dep aytıwg`a bolmaydı.

Keyingi jıllarda ju`rgizilgen ilimiy izertlew jumıslarının` juwmag`ın qarag`anda rayon xalqının` sawatlılıq da`rejesi ko`pshilik rayonlarg`a salıstırg`anda a`dewir joqarı. Ha`zir rayon aymag`ında 28 orta ha`m 4 tolıq emes ulıwma bilim beretug`ın mektep bolıp olardag`ı oqıwshılar 11500ge jaqın, al olarg`a ta`lim-ta`rbiya beretug`ın joqarı mag`lıwmatlı oqıwshılar sanı 1000 g`a jaqın, al orta mag`lıwmatlı oqıtıwshılar sanı 400 den aslamıraq. Rayon aymag`ında 14 bala baqshaları bolıp, olarda 800ge jaqın balalar ta`rbiyalanıp atır. Olardın` ta`rbiyashıları da arnawlı oqıw jurtların pitkergen kadrlar bolıp esaplanadı. Rayonda 4 emlewxana bolıp, onın` ekewi rayon orayında ha`m ekewi awıllıq jerlerde jaylasqan. Olarda 67 shıpaker ha`m 569 arnawlı orta bilimge iye miyribikeler xızmet ko`rsetedi.

Rayon orayındag`ı ka`rxanalar ha`m awıllıq xojalıqlardın` basshılarının` basım ko`pshiligi joqarı mag`lıwmatlı qa`niygeler menen ta`minlengen. Aldag`ı perspektivada rayon aymag`ında miynetke jaramlı jastag`ı adamlardı jumıs penen ta`miyinlew ushın o`ndiris sferaların qurıw a`siresse sotsiallıq infrastrukturalardı rawajlandırıw miynet resurslarınan o`nimli paydalanıwg`a mu`mkinshilik beredi. Solay etip xalıq xojalıg`ı tarawların miynetke jaramlı jumısshı ku`shi menen ta`miyinlew o`ndiris rezervlerin tolıq paydalanıw jolı menen ayırım ekonomikalıq mexanizmlerden durıs paydalanıwg`a ha`m miynettin` o`nimdarlıg`ın joqarılatıwg`a mu`mkinshilik beredi. Bunday rezervler rayon aymag`ında awıl xojalıg`ı ha`m sharwashılıq tarawlarında da az emes. Sonlıqtan miynet resurslarınan xalıq xojalıg`ı tarawlarında o`nimdarlı paydalansa o`ndiriwshi ku`shlerdin` aymaqlıq strukturasın jetilistiriw rayonnın` ekonomikalıq rawajlanıwın bunnan bılay da intentsifikatsiyalawg`a jol ashadı ha`m sotsiallıq tarawlardı rawajlandırıwg`a da mu`mkinshilik beredi. Solay etip rayon aymag`ındag`ı potentsialı miynet resurslarınan durıs paydalanıw barlıq o`ndiris tarawların intensivli jol menen aymaqlıq o`ndirislik kompleksler bazasında bunnan bılayda rawajlandırıwg`a jol ashadı. Bul bazar ekonomikası sharayatında xalıq xojalıg`ın rawajlandırıwdın` birden bir sınalg`an jolı bolıp Qon`ırat rayonı aymag`ında na`tiyjeli jolg`a qoyılıwı za`rur.

## III-BAP. QON`IRAT RAYONININ` EKONOMIKALIQ HA`M SOTSIALLIQ RAWAJLANIWI.

### 3.1. Qon`ırat rayonında ekonomika tarawlarının` rawajlanıwı

***Sanaat kompleksi***

Qon`ırat rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasının` qolaylı transport-ekonomikalıq uzelinde jaylasıp respublikanıq ekonomikalıq, potentsiyasında joqarı salıstırmalı u`lesti iyeleydi. Qon`ırat rayonı «rayon atag`ın» 1927 jılda iyelep, xalıq xojalıg`ı tarawların rawajlandırıwdı erte waqıtlardan basladı. Biraq Qaraqalpaqstannın` ekonomikalıq rawajlanıwına sa`ykes Tendentsiyalar Qon`ırat rayonının` ekonomikalıq rawajlanıwında ku`shli tosqınlıq jasadı. Rayonnın` tiykarg`ı sanaat tarawları awıl xojalıq o`nimlerin qayta islew menen shug`ıllandı. Al awır sanaat tarawları ko`p jıllar dawamında rawajlanıw mu`mkinshiligine iye bolmadı. Awıl xojalıq o`nimlerin 1-shi da`rejeli qayta islep shıg`atug`ın sanaat tarawları o`niminin` yarımınan aslamın jetistiredi. Bulardın` qatarına Qon`ırat paxta tazalaw zavodı, su`t-may islep shıg`aratug`ın zavod, go`sh o`nimlerin qabıllaytug`ın, un ha`m nan islep shıg`aratug`ın ha`m t.b. karxanalar esaplanadı. Usı joqarıda ko`rsetilgen sanaat karxanalarının` ayırımları Qaraqalpaqstannın` basqada adminstrativlik rayonlarında o`ndirilgen o`nimdi tazalaw ha`m nan o`nimlerin tayarlaw menen shug`ıllanadı.

Qon`ırat rayonının` sanaat kompleksinin` qa`liplesiwinde en` baslı etap 1957 jıldan keyin baslandı. Charshaw – Taxiatash - Qon`rat temir jol liniyasının` iske tusiwi menen ha`m Qon`ırat – Maxat –Beynew bag`darındag`ı Ozbekstan territoriyası arqalı jwretugın 2-shi temir joldın` tez waqıt ishinde qurılıwı awıl xojalıq o`nimlerin qayta islep shıg`aratug`ın tarawlar menen bir qatarda, awır sanaat tarawlarının`, a`sirese qurılıs materialların islep shıg`aratug`ın tarawlardı, sonday-aq sanaat tarawlarına tiysli buyımlardı remontlaw bazaların duziwge jol ashtı. Bul iske asırılg`an ilajlar rayon ko`leminde jıllıq sanaat o`nimlerinin` ko`leminin` artıwına jol ashtı. Sanaat tarawlarında o`nim tayarlawdın` ko`beytiriw o`ndiris tarawlarında islewshi rabochiy ha`m xızmetkerler sanının` artıwına ja`ne sanaat karxanalarında miynettin` o`nimdarlıg`ının` joqarılawınada ulken ta`sir jasamaqta (keste-№7).

**Keste-№7**

**Qon`ırat rayonı boyınsha sanaat tarawlarının` baslı ko`rsetkishleri.**

| Baslı ko`rsetkishler | Jıllar | | | | | | | 2010-1990j.g`a, % es.da | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1990 | 2000 | 2005 | 2007 | 2008 | 2009 | 2010 | 1990 | 2009 |
| Sanaat o`nimileri mln. swm es.da | … | 1550 | 1120 | 9230 | 7875 | 9580 | 14785 | 9,5e | 154,3 |
| Usınnan:Nodavlat ka`rxanalar o`nimi, mln.swm | … | … | 1012 | 9030 | 7874 | 9580 | 14785 | 14,6e | 154,3 |
| Sanaatta islewshi isshi-xızmetler sanı, adam es.da. | 465 | 2605 | 4182 | 1813 | 912 | 922 | 302 | 364,9 | 32,7 |
| Sanaat o`nimleri` | | | | | | | | | |
| Paxta mamıg`ı,t. | 7413 | 4713 | 3117 | 2500 | 2507 | 2653 | 2759 | 37,2 | 104,0 |
| Shigitli paxta, mın` tonna | 11,6 | 7,2 | 8, 0 | 4,4 | 4,2 | 4,3 | 4,33 | 37,2 | 100,3 |
| Un, mın` tonna | 18,9 | 9,6 | 27,8 | 19,6 | 17,8 | 23,4 | 27,1 | 143,7 | 115,6 |

Mag`lıwmatlarg`a qarag`anda rayon boyınsha sanaat o`nimin jetistiriw boyınsha bir-qansha alg`a ilgerilewler bar. Aldag`ı perspektivada sanaat tarawların rawajlandırıw ha`m onın` o`nimdarlıg`ın joqarılatıw tarawlıq duzilisin qayta qarap shıg`ıwdı taslap etedi, rayon boyınsha ha`zirgi sanaat tarawlarının` strukturalıq duzilisin ha`m tarawlardın` salıstırmalı turde a`hmiyetin to`mendegi kestedegi mag`lıwmatlardı bayqawg`a boladı. Kestede berilgen mag`lıwmatlarg`a qarag`anda rayonnın` sanaat tarawlarının` strukturasında jıl dawamında islep shıg`arılatug`ın o`nimlerdin` ko`lemi boyınsha jen`il sanaat ha`m azıq awqat sanaatları baslı orındı tutadı. Sanaat tarawlarının` strukturasında azıq-awqat ha`m jen`il sanaat rayon boyınsha sanaattan alınatug`ın o`nimlerdin` basım ko`pshiligin tayarlaydı.

Sonlıqtan jen`il ha`m azıq-awqat sanaatın` rawajlandırıw ha`zirgi bar mumkinshiligine yaki shiki zat resusları menen ta`minleniw da`rejesine baylanıslı bolıp otır.

***Jen`il sanaat.*** Jen`il ha`m azıq-awqat sanaat rayonnın` sanaat kompleksinin` tiykarın iyelep, bul tarawdın` rawajlanıwı ulken tariyxıy sa`nege iye. Rayonnın` jen`il sanaat tarawlarının` en` baslılarına paxta tazalaw, jip iyiriw, kiyim tigiw fabrikaları ha`m palas o`nimlerin tayarlaytug`ın tarawlar esaplanadı. Usı joqarıda atı atalg`an tarawlardan jıllıq islep shıg`aratug`ın o`nimnin` ko`lemi ha`m xalıq xojalıg`ındag`ı tutqan a`hmiyeti boyınsha en` baslısına paxta o`nimin tazalaytug`ın ka`rxanalar esaplanadı. Qon`ırat paxta tazalaw zavodı Qaraqalpaqstannın` en` eski

ka`rxanalarınan esaplanıp, uzaq jıllar dawamında paxta talshıg`ın tazalap jumıs islengen ka`rxanalar qatarına kiredi. Biraq bul ka`rxananın` burın o`ndirislik quwatı to`men edi. Jılına barlıg`ı bolıp 9- 10 tonnaday paxta talshıg`ın tazalar edi. Xa`zirgi Qon`ırat paxta tazalaw zavodı jılına en` kem degende 10-13 mın` tonnaday paxta talshıg`ın tazalaw mumkinshiligine iye. Keyingi jıllarda respublikada sonday-aq SNG ellerinde paxta talshıg`ına degen talaptın` kusheyiwine baylanıslı jıl sayın paxta egiletug`ın maydanlar ko`beytildi ha`m ha`r gektar paxta maydanınan alınatug`ın zura`a`tlik aytarlıqtay ko`beydi.

Usının` na`tiyjesinde 1996 jılı Qon`ırat rayonı boyınsha 3828 gektar paxtanın` egislik maydanınan 21, 8 tsentnerden zura`a`t topladı. Na`tiyjede rayon boyınsha jıl dawamında 7210 tonnaday paxta jıynadı, bul 1990 jılg`a salıstırg`anda 28,1% ko`p degen so`z. Usıg`an sa`ykes Qon`ırat paxta tazalaw zavodının` quwatlılıg`ı arttırıldı ha`m rekonstruktsiyalandı ha`m ka`rxana ko`leminde 1 kilo saat ishinde paxta talshıg`ın o`ndiriwdin` ko`lemi 7,0 kg jetkerildi, ol paxta talshıg`ının` shıg`ımı 32 % arttı. Qaraqalpaqstanda, sonday-aq Qon`ırat rayonı boyınsha paxtashılıqtı rawajlandırıwg`a qaratılg`an ilajlar na`tiyjesinde Qon`ırat paxta tazalaw zavodı ken`eytile basladı. Charjaw - Qon`ırat temir jolının` iske tusiwi bug`an u`lken ta`sir jasadı. SNG ellerinen ha`m Oraylıq Aziya respublikalarınan u`skeneler ha`m mashinalar alıp kelindi. Bul paxta tazalaw ka`rxanalarının`, a`sirese onın` keptiriw tsexların duziwge jol ashtı. Keptiriwshi tsexlardın` sanı ko`beydi ha`m o`nim jetistiriwdin` sapası jaqsılandı. Keptiriwshi–tazalawshı tsexlar o`z aldına o`ndirislik baza bolıp qa`liplese basladı. Shigitten lint alıwdı arttırıw boyınsha ulken jumıslar islendi. Usıg`an sa`ykes Qon`ırat paxta tazalaw zavodının` texnikalıq–ekonomikalıq ko`rsetkishleri arta basladı.

Keyingi jıllarda lint tayarlaw biraz ko`beydi, biraq degen menen shigitten lint alıw boyınsha elede paydalanılmay atırg`an ulken rezervler bar. Mısalı ayırım jıllarda Qon`ırat paxta tazalaw zavodında barlıg`ı bolıp lint alıw tek bir ret g`ana o`tkeriledi. Lint paxtadan alınatug`ın o`nim bolıp og`an talap jıldan-jılg`a ko`beymekte sonlıqtan aldag`ı waqıtta shigitti lintlew protsesin ko`beytiw ha`m u`sh reet linterlewge o`tiwdi ta`minlew ulken a`hmiyetke iye.

Qon`ırat rayonı paxta tazalaw zavodında o`ndiris qurallarınan paydalanıw a`sirese Djinlardin` o`nimdarlıg`ı ele talapqa tolıq juwap bermeydi. Sonlıqtan o`nimnin` shiyki zat bazasının` o`siwine sa`ykes onın` texnologiyalıq uskenelew da`rejesin jaqsılaw, alınatug`ın o`nimnin` sapasın jaqsılaw menen bir qatarda o`ndirislik quwatlardan tolıq paydalanıwg`a jol ashadı. Tilekke qarsı Qon`ırat

rayonı boyınsha keyingi jıllarda paxta tazalaw ka`rxanalarının` o`ndirislik quwatların tolıq paydalanılmay atır. Sonlıqtan jen`il sanaat tarawlarının` a`sirese paxta tazalaw sanaat tarawlarının` rawajlandırıw ushın onın` shiyki zat bazasın duziwge ayrıqsha itibar beriw kerek.

***Azıq-awqat sanaatı.*** Azıq-awqat sanaatı Qon`ırat rayonnın` sanaat kompleksinin` tiykarg`ı tarawlarınan esaplanadı. Keyingi jıllarda xalıqtın` tutınıw tovarlarına degen talabın esapqa ala otırıp bir qansha sut-may, nan-un islep shıg`aratug`ın o`ndiris orayları duzildi. Bulardın` qatarına Qon`ırat nan kombinattın` may zavodın un o`nimlerin tayarlaw ha`m nan pisiretug`ın kishi ka`rxanalardı ha`m makaron keltiretug`ın ka`rxanalardı ha`m t.b. dı atawg`a boladı.

Joqarıdag`ı atı atalg`an o`ndiris bazalarının` ko`pshiligi derlik jergilikli awıl xojalıg`ı o`nimlerin jetistiriw, a`sirese mal sharuashılıg`ı tarawlarınan alıng`an o`nimler sonday-aq basqada SNG ellerinen tasıp alıp kelinetug`ın g`alle, qant ha`m g`alle o`nimleri tiykarında jumıs isleydi. Jergilikli shiyki zat bazasında jumıs isleytug`ın tarawlardın` ishinen un ha`m nan o`nimlerin islep shıg`aratug`ın ka`rxanalardın` texnikalıq-ekonomikalıq ko`rsetkishlerin atap o`tiw orınlı. Bulardın` ishinen Qon`ırat duz zavodı, Qon`ırat nan kombinatı ha`m un islep shıg`aratug`ın bir qansha kishi karxanalar iske tusirildi ha`m o`nim islep shıg`ara basladı, bular tek rayonda g`ana emes, al Qaraqalpaqstandag`ı o`nimdarlı ka`rxanalardan esaplandı. Azıq-awqatlıq maqsetler ushın ko`lemli o`nimler Qon`ırat rayonında ko`plep jetistiriledi. Ayırım jıllar ishinde Qon`ırat rayonı boyınsha azıq-awqat o`nimlerin jetistiriwdin` ko`lemi ja`ne o`siw pa`ti to`mendegi kestede ko`rsetilgen mag`lıwmatlarda tolıq tastıyıqlaydı.

Berilgen mag`lıwmatlarg`a qarag`anda rayon boyınsha 1995 jılg`a salıstırg`anda azıq-awqat o`nimlerinin` ulıwma qunı 4,7 esege artsa, al un tayarlaw 19,6mın` tonnaga, nan o`nimleri 1317 tpnnaga,dwz o`ndiri 36,3 mın`tonnaga ko`beydi.. Sonday-aq rayonda balıq awlaw, makaron tayarlaw ha`m konfeta o`ndiriw maseleleride sheshilmekte. Son`g`ı jıllarda rayon aymag`ında mal mayı, sut, qaymaq ha`m basqada azıq-awqatlıq o`nimler jetilistiriw ha`m salı o`nimlerin tazalaw boyınshada ulken jumıslar iske asırılmaqta. Rayon aymag`ında may islep shıg`arıw aytarlıqtay o`sti. Sut-may zavodlarında o`ndiris protsessin jan`a texnologiyalıq uskeneler menen ta`miynlewge ayrıqsha itibar berilmekte ha`m o`ndiris protsessin sho`lkemlestiriw ma`seleleri uyrenildi. Azıq-awkat sanaatı

ka`rxanalarının` jıllıq quwatın arttırıw ha`m onın` shiyki zat bazasın rawajlandırıwg`a ayrıqsha itibar berilmekte.

Qon`ırat nan zavodında miynetti mexanizatsiyalaw protsesine ayrıqsha itibar berilmekte Nan zavodlarda miynettin` o`nimdarlıg`ın arttırıw ushın bir qatar ilajlardı iske asırıw, a`sirese islep turg`an uskenelerdin` o`nimdarlıg`ın joqarılatıw, mashinalar menen agregatlardı sistemalı turde jetilistiriw ha`m kesip alıp isleytwgın jumıslarında islewshilerdin` is normasın qayta qarap shıg`ıldı. Bul o`z gezeginde o`nimnin` o`zine tuser bahasın arzanlatıwg`a mwmkinshilik twdıratwgını so`zsiz. Rayonda keyingi jıllarda makaron islep shıg`arıw, konfet o`nimlerin tayarlawg`ada ayrıqsha itibar berilmekte ha`m bul tarawlarda jılına 105 t tonna konfeta ha`m 10-15 tonna makoron o`nimleri islep shıg`arılatwgın boladı.

Qaraqalpaqstannın` arqa rayonlarında jaylasqan rayonlardın` awılxojalıq o`nimleri tiykarında jumıs isleytug`ın Qon`ırat salı o`nimlerin qayta isleytug`ın ka`rxana iske tusirildi. Bul Qaraqalpaqstanda o`ndirilgen salı o`nimleri Respublikada tazalap Chimbay –Nukus- -Qon`ırat temir jol liniyası arqalı Tashkentke ha`m basqada iri sanaatlı oraylarg`a jiberiuge jol ashtı ha`m t.b.

***Qurılıs materialları sanaatı.*** **Q**urılıs materialları sanaat tarawlarınan qurılıs ushın kerekli kuydirilgen gerbish, quramalı temir beton konstruktsiyaları ha`m jetistiriw, asfal`t-beton o`nimlerin tayarlaw, qamıs plitaların h.t.b. o`nimler tayarlanadı. Qurılıs ushın jılına 13mln. 154 mın` kub metr temir beton konstruktsiyaları, 7mln288mın` dana kwydirilgen gerbish ha`m 5706 danaqamıs pilitaları tayarlanatwgın boldı. Bul jumıstı atqarıwda Qon`ırat gerbish zovadı, Qon`ırat uy-jay qurılısı kombinatı, ha`m asfal`t-beton o`nimlerin tayarlaytug`ın karxanalardın` roli ka`tte. Bul ha`m tag`ı basqada qurılıs materialları sanaatın rawajlandırıwg`a bag`darlang`an ilajlar jıl sayın ko`p ko`lemdegi temir beton konstruktsiyaların, asfal`t-beton o`nimlerin, ha`k o`nimlerin, sonday-aq kuydirilgen gerbish tayarlawg`a mumkinshilik tuwdıratwgını so`zsiz

***Otın–energetika sanaatı.*** **Q**on`ırat rayonı Qaraqalpaqstannın` tiykarg`ı otın energetikalıq zapaslarg`a bay rayonlarınan esaplanadı ha`m son`g`ı jıllarda bul rayonda zapası 197, mlrd. kub metrlik janıwshı gazdin`, neftin` ha`m basqada baylıqlardın` mol qorları ashıldı. Bunnan basqa rayon qolaylı transport-ekonomikalıq orında islep Nukus-Qon`ırat-Beyneu temir jolı tu`yininde jaylasqan. Sonlıqtan rayonda quwatlı otın - energetika bazasın duziw mumkinshilikleri bar. Rayon 1956 jıldan baslap Taxiatash qalasındag`ı iske tusirilgen Aziyadag`ı iri GRES tiykarında energiya alıw mumkinshiligine iye boldı. Bul Qaraqalpaqstan

ha`m Qon`ırat rayonında jumıs islep turg`an  ko`p sanlı elektr stantsiyalardı bir orayg`a kontsentratsiyalaw arqalı iske asırıldı ha`m rayonnın` elektr energiyasına degen mutajlıg`ın sheshti. Da`slep Taxiatash GRESi tas ko`mir otını menen jumıs islese, al keyin ala Buxara-Ural gazqubırın iske tusiriwge baylanıslı gaz otını menen ta`miynlendi. 1961 jılı 10-sentyabr`de Taxiatash GRESinin` birinshi agregatının`  iske tusiriliwine baylanıslı 28,5 mln. kVt quwatlıqqa iye birinshi energoblok iske tusirildi. Arzan elektro energiya o`ndirile basladı. Ha`zirgi waqıtta Taxiatash GRESinin` II-III ha`m IV agregatları iske tusirildi ha`m jıl sayın 3 mlrd. kVt saattan aslam elektr energiya o`ndiriletug`ın boldı. Solay etip Taxiatash GRESi bazasında Qaraqalpaqstan energo sisteması O`zbekstan energo sisteması menen bir tutas energo sistemag`a biriktirildi. Taxiatash GRESi tuslik Aral sharayatında en` a`hmiyetli ob`ekt bolıp esaplanadı ha`m jıl dawamında islep shıg`arılatug`ın elektr energiyasının` 60% uy xojalıq tarawlarında paydalanadı. Taxiatash GRESinen No`kis– Shımbay – Taxtako`pir, Taxiatash - Qon`ırat - Moynaq, Taxiatash – Beruniy - Elikqala – To`rtkul bag`darında joqarg`ı voltli elektr jetkeriwshi liniyalar arqalı Qaraqalpaqstannın` en` uzaq rayonlarına, elatlı punktlerine ha`m mal sharuashılıg`ı menen shug`ıllanatug`ın xojalıqlarg`a elektr energiyası jetkeriledi. Sonlıqtan Taxiatash GRESi «xalıq xojalıg`ı» simvolın atqaradı. Aldag`ı perspektivada Qon`ırat rayonı zonasında iri-iri gaz kenlerinin` iske tusine baylanıslı rayondı respublikadag`ı ekinshi iri energetika orayının` iske tusetug`ını so`zsiz. Bul arzan elektr energiyanı tutınıwshılar bolıp Qon`ırat Soda zavodı ha`m ustirtte boy tikleytug`ın basqada ximiya zavodları ha`m as duzın o`ndiriw menen shug`ıllanatug`ın karxanalar ha`m ustirttin` gaz neft sanaatı kompleksleri ja`ne azıq-awqat ha`m jen`il sanaat tarawları esaplanadı, sebebi ustirt jaylawları mal sharwashılıg`ına intensiv paydalanıwg`a baylanıslı Qaraqalpaqstannın` Qon`ırat rayonı aldag`ı perspektivada sherst o`nimlerin jetistiretug`ın, bılg`arı tayarlaytug`ın ha`m go`sh-sut o`nimlerinen, azıq-awqat o`nimlerin ko`plep jetistiretug`ın aymaqqa aynaladı. Bul ha`m tag`ı basqada perspektivadag`ı iske asırılatug`ın qurılıslar energiya o`nimlerin paydalanıwshı ob`ektler qatarına kirip, Qon`ırat energo sistemasın rawajlandırıwdı talap etedi. Qon`ırat energo sistemasın duziwdin` real mumkinshilikleri ha`zirdin` o`zinde payda boldı, rayon orayına jaqın Arqa urge gaz ka`ninin` o`zlestiriwge baylanıslı jılına 1,7 mlrd kub.m.  gaz o`ndirile basladı. Bul qurılatug`ın energiya orayın jag`ılg`ı menen ta`miynleytug`ın so`zsiz.

***Mashina jasaw ha`m metaldı qayta islew sanaatı*** tarawlarının` tiykarın Qon`ırat temir jol deposına qaraslı remont – mexanika zavodı ha`m basqada Orta Aziya oray gaz qubırına sa`ykes qurılg`an remontlaw ka`rxanaları ha`m basqada sapalı kishigirip metal o`nimlerinen zat isleytug`ın metal quyma bwyımların tayarlaytug`ın ka`rxanalar esaplanadı. Bulardın` ishinen Qon`ırat remont-mexanika zavodı ha`m Qon`ırat temir-beton buyımların tayalaytug`ın ha`m tag`ı basqada ka`rxanalar esaplanadı. Usınnan tek Qon`ırat remont mexanika zavodı Qaraqalpaqstandag`ı en` iri ka`rxanalardan esaplanıp jılına 7 mlrd. 786 mln. somlıq o`nim tayarlaw mumkinshiligine iye. Qaraqalpaqstannın` ko`p a`sirler dawamında Orta Aziya ha`m SNGinin` basqa ma`mleketleri menen tuwrılay jol arqalı qatnasqa iye bolıwg`a respublikada o`ndiriwshi kushlerdin` rawajlanıwına tosqınlıq jasadı. Tek 1952 jıldan baslap Sharjaw-Qon`ırat-Beynew-Aleksandrov bag`darındag`ı temir jol liniyasının` iske tusiwi, Qon`ırat qalasında onın` iri remontlaw bazasın duziwge jol ashtı. Usı tiykarda priaral temir jol basqarmasına qaraslı 748 SPMK duzildi ha`m qaytalap remontlaw mantajlaw jumısların iske asırıwga mumkinshilik tayarladı. Bul ha`m tag`ı basqada ilajlar ko`p sanlı temir jol sostavlıq o`z waqtında remont jasaw maselelerin sheshiwi. Bul a`hmiyetli ma`seleni sheshiw son` Qon`ırat remontlaw zavodının` qurılıwına tiykar saldı. Qon`ırat remontlaw mexanikalıq zavodı da`slep kishi ka`rxana formasında iske assa, al 1970 jıllardan baslap zavod qa`lpinde du`zilip «sredaz j/d stroy» basqarmasına qaraslı iri karxanag`a aynaldı. Qon`ırat remontlaw zavodı da`slep Orta Aziya temir jol basqarmasına kirip Moskvadag`ı oraylıq u`kmettin` iqtiyarında boldı. Keyin O`zbekstan az mustaqıllıg`ına erisilgennen priaral` temir jol basqarması bolıp qayta qurıldı. Ha`zir bul ka`rxana tek temir jol sostavına tiysli remont jumısı menen sheklenip qoymastan jıl sayın 65-80 tonnadan awırlıqtag`ı traktor ha`m basqada remont jumısların iske asıradı, ha`zirgi remont-mexanika zavodının` o`ndirislik baylanısları artpaqta. Biraq degen menen Qon`ırat remont–mexanika zavodının` jıllıq o`nim tayarlaw da`rejesi talapqa tolıq juwap bermeydi.

Mısalı: 1957 jıl ka`rxana boyınsha jılına 7 mln. 706 mın` somlıq remont jumısı iske astı, bul jobadag`ıdan a`le qayda to`men. Al jıl sayın o`ndiriletug`ın tovarlıq o`nimnin` ko`leminde 2 mln. 694 mın` somnan artpaydı. Ka`rxanada ornatılg`an tiykarg`ı o`ndirislik fondlardın` qunı pas ha`m eki uskenelerden esaplanadı, sonlıqtan ka`rxana ko`leminde rekonstruktsiya jumısların tezletiw ha`m jan`a uskeneler menen qayta tolıqtırıw bugingi kunnin` baslı talaplarına kiredi. Ha`zirgi bul jumıslardı baslaw ilajları qarap shıg`ılmaqta ha`m uyretilmekte.

Qon`ırat rayonı Qaraqalpaqstandag`ı joqarı o`nimdarlı paxtashılıq ha`m mal sharwashılıg`ına qaliplesken rayonı bolıwına qaramastan rayon aymag`ında azıq-awqat sanaatı tarawları shiyki zat resursları menen tolıq ta`min etilmegen. Usının` saldarınan rayonda islep turg`an ayırım azıq-awqat sanaatı ka`rxanaları o`zlerinin` o`ndirislik quwatların barlıg`ı bolıp 67-73% paydalanadı. Bar mumkinshiliklerge qaramastan Qon`ırat paxta tazalaw zavodında 1950-1971 jıllarg`a qarag`anda ha`zir ka`rxananın` jıllıq o`ndirislik quwatı barlıg`ı bolıp 25,6-47,5% ke al Qon`ırat nan kombinatında 57,8% salını qayta isleytug`ın ka`rxanada 76,9% ke paydalabaqta. Sonılqtan rayonda sanaat kompleksinin` rawajlandırıw problemaların sheshkende en` baslı ma`sele retinde onın` ishki zat resursları menen tolıq taminleniwin esapqa alıw qa`jet.

## Agrosanaat kompleksi

***Agrosanaat kompleksine ulıwma sıpatlama.*** Qon`ırat rayonı respublikanın` arqa-batısında jaylasqan en` iri awıl xojalıqlı aymaqlarınan esaplanıp, bull taraw jıl sayın 42,5 mln sumday awıl xojalıq o`nimlerin jetistiredi. Usı ulıwma jıllıq o`nimnin` 36,6mln sumı diyxanshılıq tarawlarınan al 5,9 mln sumı sharwashılıq tarawlarında o`ndiriledi. Keyingi jıllarda rayon aymag`ında awıl xojalıg`ı tarawların rawajlandırıw ushın ko`lemli jumıslar iske asırıldı. Awıl xojalıg`ı tarawların qa`niygelestiriw jumısları sheshildi. Rayon aymag`ınan salıgershilik penen shug`ıllanatug`ın Xorezm, Ko`kda`r`ya, Rawshan, A`jiniyaz, xojalıqları, paxtashılıqqa qa`niygelestirilgen Qon`ırat Axunbabaev atındag`ı,sonday-aq malsharwashılıg`ına qa`niygelestirilgen. U`stirt, Jan`atalap, Ko`kliko`l fermer-diyqan xojalıqları sho`lkemlestirildi. Usı keyingi 3 xojalıqtan Ko`kliko`l, Jan`atalap qaramal sharwashılıg`ı menen shug`ıllansa, al U`stirt kolxozı qarako`l qoy sharwashılıg`ı menen shug`ıllanadı. O`ndiris protsessin qa`niygelestiriw tiyisli qa`deler menen baylanıstırıp iske asırıldı. Keyingi jıllarda rayon aymag`ında awıl xojalıg`ı tarawlarının` na`tiyjeliligin arttırıw ushın 141,8 mln sumlıq qung`a iye ha`r qıylı awıl xojalıq texnikaları satıp alındı ha`m olarg`a o`ndirislik bazalar qurıldı. Bul tiykarg`ı o`ndirislik fondlar menen u`skeneleniw da`rejesin jaqsıladı. Ha`zir rayonnın` diyxanshılıq xojalıqlarının` ıqtıyarında 118,9 mln sumlıq o`ndirislik texnikalıq u`skeneler ja`mlengen. Al mal sharwashılıg`ına qa`niygelesken xojalıqlarda 23,9 mln sumlıq tiykarg`ı o`ndirislik fondlar jumıs islep tur. Solay etip, rayon aymag`ında suwg`armalı diyxanshılıq tarawların ha`m mal sharwashılıg`ın rawajlandırıw boyınsha a`meliy ilajlar iske asırıldı. Bul tiykarınan awıl xojalıg`ı bag`darındag`ı tiykarg`ı o`ndirislik fondlardın` ko`lemin

arttırıwg`a baylanıslı iske asırılmaqta. Eger rayon aymag`ında jumıs islep atırg`an tiykarg`ı o`ndirislik fondlardın` qunın 100% dep alsaq, usının` 67,8% ti tikkeley awıl xojalıg`ı o`ndirisi menen balanıslı aktiv o`ndirislik fondlardın` qunınan turadı.

Keyingi jıllarda rayon aymag`ında awıl xojalıg`ı tarawlarının` energetikalıq quwatın bekkemlew boyınsha da ko`p jumıslar iske asırıldı. Ha`zir rayonnın` diyxanshılıq ha`m mal sharwashılıg`ına qa`niygelesken xojalıqlarının` energetikalıq quwatı 254,3 mın` at ku`shine ko`beydi. Solay etip ha`r bir xojalıq ko`leminde 32,6 mın`nan 77,8 mın` at ku`shine shekem quwatlıqqa iye energetikalıq u`skeneler jumıs isleydi. Bul ha`m tag`ı basqa da ilajlar awıl xojalıg`ınan o`ndiriletug`ın o`nimlerdin` o`zine tu`ser bahasın aytarlıqtay ıqshamlastırıwg`a, a`siresse awıl xojalıg`ınan o`ndiriletug`ın o`nimlerdin` ko`lemin ko`beytiwge jol ashıwı tiyis. Rayon xojalıqları diyxanshılıq o`nimlerin satıwdın` esabınan jıl sayın 40-45 mln iri ko`lemdegi qa`rejet toplaw mu`mkinshiligine iye bolmaqta. Biraq bunnan rayon xojalıqları awıl xojalıqları tarawlarındag`ı barlıq rezervlerdi tolıq paydalanıp atır degen tu`sinik shıqpaydı. Tilekke qarsı awıl xojalıq o`nimlerinin` o`zine tu`ser bahası joqarı. Mısalı, paxtashılıq xojalıqlarında baslı o`nim paxtanın` o`zine tu`ser bahası 9,5 mln sumdı qurasa, galle jetistiriw ushın sarp etilgen shıg`ınlar20-21 mln summ, kartoshka, baqsha ha`m palız o`nimlerin jetistiriwge en` kem degende 700-750 mın` summ sarp etilmekte. Rayon aymag`ında mal sharwashılıq o`nimlerinin` o`zine tu`ser bahası da qımbat. Usıg`an sa`ykes rayon ko`leminde jaqın jıllardag`ı baslı wazıypa awıl xojalıq o`nimlerinin` o`zine tu`ser bahasın arzanlatıw ushın aymaqtag`ı barlıq resurs dereklerinen o`nimdarlı paydalanıw qa`jet.

***Rayon awıl xojalıg`ının` tarawlıq strukturası ha`m geografiyalıq jaylasıwı.*** Rayon aymag`ında diyxanshılıqtın` strukturasında paxtashılıq u`lken tarawlardan esaplanadı ha`m bul daqıldı rawajlandırıw ushın 3400 gektarday jer ajıratılg`an ha`m arnawlı paxtashılıqa qa`nigelesken kolxozlar jumıs isleydi. Rayonda paxtashılıq uzaq jıllar dawamında qa`liplesip, bul taraw menen shug`ıllanatug`ın xojalıqlardın` territoriyasında rayon xalqının` ko`pshiligi derlik ja`mlengen ha`m miynetke jaramlı 3610 adam twraqlı jumıs isleydi. Paxtashılıq awıl xojalıgının` rentabelli tarawları qatarına kiredi ha`m jıl sayın 700-750 mil.sum ko`leminde payda tu`siredi. Rayon aymag`ında paxtashılıqtın` baslı ko`rsetkishlerin to`mendegi keste mag`lıwmatlarınan da ko`riwge boladı (keste-№8).

Berilgen mag`lıwmatlarg`a qarag`anda paxtanın` egislik maydanı 1970 jıllarda 4800 gektardı qurap, ha`r bir gektar egislik maydannan 23,7 tsentner

o`nimjıynap alıng`an. Ulıwma o`ndirilgen paxtanın` ko`lemi 6400 tonnanı quradı. Biraq rayon aymag`ında 1990-jıllardan baslap paxtanın` zu`ra`a`tliginin` keskin azayıwına baylanıslı jıl sayın o`ndiriletug`ın paxta 6-7 mın` tonna shamasında qaldı.

**Keste-№8**

**Qon`ırat rayonında paxtashılıqtın` rawajlanıwının` baslı ko`rsetkishleri**

| Jıllar | Egislik maydan | | zu`ra`a`tlik | | Ulıwma o`nim | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | mın`/ga | % | ts/ga | % | mın` t | % |
| 1970 | 3,6 | 100,0 | 23,6 | 100,0 | 8,6 | 100,0 |
| 1975 | 6,1 | 169,4 | 26,2 | 111,0 | 16,0 | 186,0 |
| 1980 | 6,4 | 177,8 | 25,8 | 109,3 | 16,6 | 193,0 |
| 1990 | 4,8 | 133,3 | 10,1 | 42,8 | 21,7 | 2,5ese |
| 1991 | 4,2 | 116,7 | 13,5 | 57,2 | 5,6 | 65,1 |
| 1992 | 4,4 | 122,2 | 16,4 | 69,5 | 7,2 | 83,7 |
| 1993 | 4,2 | 116,7 | 16,7 | 70,7 | 7,1 | 32,6 |
| 1994 | 3,4 | 94,4 | 19,4 | 82,2 | 6,7 | 77,9 |
| 1995 | 3,4 | 94,4 | 20,4 | 86,4 | 6,9 | 80,2 |
| 2005 | 4,8 | 133,4 | 23,7 | 100,4 | 6,4 | 74,4 |
| 2010 | 3,7 | 102,8 | 16,5 | 70,0 | 6,2 | 72,1 |

Rayon aymag`ında paxtanın` kskin to`menlewi birinshiden zu`ra`a`tliliktin` pa`seyiwine baylanıslı bolsa, ekinshiden paxtashılıq penen shug`ıllanatug`ın Xorezm kolxozı tolıg`ı menen ha`m basqada xojalıqlarda ayırım bo`limler salıgershilikke aylandırıldı. Biraq degen menen rayon aymag`ında paxtashılıq xojalıqların intentsifikatsiyalaw da`rejesinin` pa`seyiwine baylanıslı o`ndiristin` na`tiyjeligi to`menledi. Sonlıqtan rayonda paxtashılıq penen shug`ıllanatug`ın xojalıqlardan egislik jerlerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılaw ha`m agrotexnikalıq qa`delerden durıs paydalanıw u`lken a`hmiyetke iye.

Aral dag`darısına baylanıslı rayon aymag`ında egislik jerlerdin` shorlanıwıg`a aylanıwı ksheymekte. Tek burıng`ı Araldın` suw basıp jatırg`an zerkalasının` aymag`ı qurıqlıqqa aylanıwı ha`m usının` sebebinen shan`lı-duzlı tozan`lardın` rayonnın` suwg`armalı zonalarına ushıp keliwi na`tiyjesinde jıl sayın ha`r bir gektar egislik jerler esabına 0,5-1 tonnag`a jaqın duzlar qosılmaqta, bull o`z gezeginde suwg`armalı zonalardın` milioratıvlik jag`dayının` pu`tkilley o`zgeriwine ta`sir etse, ekinshiden shorlanıw protsessinin` ta`sirinde aytarlıqtay egislik maydanlardın` awıl xojalıg`ı aynalısınan shıg`ıp qalıwına ku`shli ta`sir jasamaqta. Sonlıqtan rayon aymag`ında paxtashılıq ha`m basqada suwg`armalı

diyxanshılıq tarawın bunnan bılay rawajlandırıw ushın en` a`hmiyetli ilajlardın` biri retinde egislik jerlerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılaw kerek. Bul ushın ba`rinen de burın izekeshlerdin` na`tiyjeligin arttırıw ha`m praktikada sınalg`an suwg`arıw rejimine o`tiw za`ru`r. Bul birinshiden rayon aymag`ında suwg`armalı diyxanshılıq tarawlarının` ma`deniyatına o`zgeris kirgizse, eninshiden awıl xojalıq eginlerinin` zra`a`tligin ko`teriwge so`zsiz jol ashadı.

G`a`lleshilik tarawları, a`siresse salıgershilik rayon aymag`ında 1957 jıllardan baslap rawajlana baslaydı. Da`slep qa`niygelestirilgen Rawshan salıgershilik kolxozı, du`zilgen bolsa, keyingi jıllarda Ko`kda`r`ya, Xorezm, A`jiniyaz kolxozları du`zildi ha`m o`ndirislik bas funktsiyası salıgershilik bolıp esaplanadı.

Rayon salıgershilik tarawların soday-aq g`a`lleshiliktin` basqa da tarawların rawajlandırıw u`lken mu`mkinshiliklerge iye.Rayon tek A`miwda`r`ya del`tesında jaylasqan jer fondı 228,5 mın` gektardı qurap bunın` ko`pshiligi ko`l astınan bosag`an allyuvial` jatqızıqlardan du`zilgen o`nimdarlı territoriyalardan esaplanadı. Usıg`an sa`ykes rayon ko`leminde salıgershiliktin` egislik maydanların ken`eytiw ha`m jan`adan g`a`lleshilik penen shug`ıllanatug`ın xojalıqlardı du`ziwdin` mol rezervleri bar.

Rayon aymag`ında salıgershilik diyxanshılıqtın` taza tarawlarınan esaplansa da bir qansha tabıslardı qolg`a kirgizdi. Salıgershilik penen shug`ıllanatug`ın xojalıqlardın` materiallıq-texnikalıq bazası bekkemlendi ha`m olardın` ıxtiyarında awıl xojalıg`ı bag`darındag`ı tiykarg`ı o`ndirislik fondlardın` ko`lemi artıp ha`m o`ndiris protsessin energetikalıq quwatlıqlar menen u`skenelewdin` da`rejesi arttı. Solay etip ha`zirgi waqıtta salıgershilik penen shug`ıllanatug`ın tiykarg`ı o`ndirislik fondlarının` qunı 67,2 mln. sumg`a jetti, al energetikalıq quwatlıqları 152,4 mın` at ku`shine barabar. Bul salıgershilik tarawların rawajlandırıwg`a qaratılg`an ilajlar rayon aymag`ında salının` egislik maydanın ken`eytiwge ha`m ulıwma jıynap alınatug`ın jıllıq salı o`nimlerininin` ko`lemin keskin ko`beytiwge jol ashtı (keste-№9).

**Keste-№9**

**Qon`ırat rayonında galleshiliktin` rawajlanıwının` baslı ko`rsetkishler**

| Jıllar | Gallenın` egislik maydanı,mın` ga | | Gektar jerge zu`ra`a`tliligi, ts/ga | | Ulıwma o`nim, mın` tonna | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Gektar | % | ts/ga | % | Mın` t | % |
| 1970 | 4,7 | 100,0 | 29,1 | 100,0 | 13,8 | 100,0 |
| 1975 | 8,5 | 180,9 | 44,3 | 152,2 | 42,2 | 3 ese |
| 1980 | 10,5 | 2,2ese | 55,5 | 190,7 | 59,3 | 4,3 ese |
| 1990 | 14,7 | 3,1ese | 44,1 | 151,5 | 65,1 | 4,7 ese |
| 1991 | 16,1 | 3,4ese | 38,6 | 132,6 | 62,2 | 4,5 ese |
| 1992 | 17,9 | 3,8ese | 42,0 | 144,3 | 71,9 | 5,2 ese |
| 1993 | 17,5 | 3,7ese | 38,2 | 131,3 | 66,8 | 4,8ese |
| 1994 | 16,4 | 3,5ese | 36,7 | 126,1 | 60,4 | 4,4 ese |
| 1995 | 19,5 | 4,1ese | 35,4 | 121,6 | 69,4 | 5 ese |
| 2005 | 16,2 | 3,4ese | 23,7 | 81,4 | 38,4 | 2,9 ese |
| 2010 | 8,3 | 1,8 ese | 22,2 | 76,3 | 16,8 | 133,4 |

Berilgen mag`lıwmatlarg`a analiz jasasaq ko`rsetilgen jıllar ishinde salıgershilik tarawlarının` rawajlanıwında aytarlıqtay o`zgerisler bayqaladı. Egislik maydan 1970 jıllarg`a salıstırg`anda 1,8 ese derlik ko`beydi. Biraq zu`ra`a`tlik belgili da`rejede pa`seydi. Solay etip rayon aymag`ında salıgershilik tarawları ekstensiv formada rawajlanıp atırg`an sıyaqlı ko`rinip tur. Bul tiykarınan haqıyqatlıqqa tuwra keledi. Degen menen aytıp ketetug`ın na`rse, Aral dag`darısına baylanıslı regionnın` ekologiyalıq jag`dayı aytarlıqtay o`zgeriske ushıramaqta. En` baslısı A`miwda`r`ya suwının`, da`r`yanın` joqarı ha`m ortan`g`ı ag`ıslarında ko`plep suwg`arıwg`a sarp etiliwine baylanıslı Qaraqalpaqstanda suw jetispewshilik ha`diysesi payda boldı. Bul salıgershilik tarawlarının` tu`p tiykarınan o`zgeriske ushırawına ha`m ekstensivli formada rawajlanıwına ta`sir jasamaqta. Usıg`an sa`ykes ha`zirgi ku`nnin` baslı wazıypalarının` biri rayon aymag`ında salıgershilik penen shug`ıllanatug`ın xojalıqlardın` suwdan paydalanıwdın` jan`a rejimin islep shıg`ıw, a`siresse suwdı az talap etetug`ın g`a`lleshilik tarawların rawajlandırıwg`a o`tiw qa`jet. Mine usı maqsette keyingi jıllarda salıgershilik penen bir qatarda biyday, ARPA, ju`werinin` egislik maydanın ko`beytiw ilajları qarap shıg`ıldı ha`m iske asırılmaqta. Bul ilajlar rayon aymag`ında g`a`lleni egislik maydanın ken`eytiwge ha`m jıynap alatug`ın jıllıq o`nimnin` ko`lemin arttırıwg`a mu`mkinshilik tuwdırmaqta. Solay etip, 2010 jılg`a kelip rayon aymag`ında 8,3 mın` gektar jerge g`a`lle egiletug`ın boldı. Bul rayon ko`leminde jıl sayın 77 mın` tonna g`a`lle jetistiriwge, ha`m gektarınan alınatug`ın zu`ra`a`tlikti 34,5 tsentnerge jetkeriwge mu`mkinshilik tuwdırdı usınnan ba`ha`rgi

egilgen da`nli daqıllar 71,4mıts tonna o`nim berdi usının` 38,4 mın` tonnası salı o`nimleri esaplanadı. Rayon aymag`ında galle jetistiriwge Rawshan ha`m Ko`kda`r`ya xojalıqları jetekshi orındı iyeleydi ha`m olardın` ha`r biri jıl sayın ko`plep o`nim jetistiretug`ın qa`niygelesken iri xojalıqlardan esaplanadı (keste-№10).

**Keste-№10**

**Qon`ırat rayonının` qa`niygelestirilgen galleshilik xojalıqlarında o`nim jetistiriwdin` ko`lemi**

| Salıgershilik xojalıg`ının` atları | Egislik maydan mın` ga. | | | Zu`ra`a`tlik, ts/ga | | | Ulıwma o`nim, mın` tonna. | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1990 | 2005 | 2010 | 1990 | 2005 | 2010 | 1990 | 2005 | 2010 |
| **Xorezm** | **3,4** | **3,1** | **1,9** | **35,8** | **20,0** | **23,5** | **12,0** | **6,2** | **4,6** |
| **Rawshan** | **4,5** | **4,7** | **2,3** | **40,0** | **22,6** | **19,7** | **18,0** | **10,6** | **2,3** |
| **Ko`kda`r`ya** | **4,1** | **4,8** | **2,4** | **42,0** | **23,6** | **25,7** | **17,3** | **11,3** | **6,2** |
| **A`jiniyaz** | **3,2** | **3,9** | **1,7** | **38,0** | **21,3** | **19,3** | **12,1** | **8,3** | **3,3** |

Solay etip, aldag`ı waqıtlarda rayon aymag`ında salıgershilikti bunnan bılay rawajlandırıwda en` baslı bag`dar zu`ra`a`tlikti arttırıwg`a qaratılıwı kerek. Bul ushın u`lken mu`mkinshilikler bar. Rayonnın` qa`liplesken agro klimatlıq resursları salıdan mol o`nim toplawg`a mu`mkinshilik berse, al A`miwda`r`ya del`tasınan o`zlestirilgen jan`a jerler joqarı o`nimdirlıg`ı menen ko`zge tu`sedi. Sonlıqtan Qon`ırat rayonı aymag`ında g`a`lleshilik penen bir qatarda salıgershilik tarawların rawajlandırıw ulıwma ma`mleketlik ko`z-qaras boyınsha ha`m rayonnın` qolaylı ta`biyg`ıy ekonomikalıq resurs potentsialı jag`ınan da u`lken mu`mkinshilikke iye.

Qon`ırat rayonının` diyxanshılıq tarawlarının` strukturasında palız, kartoshka o`siriwshilik ha`m baqshılıq ja`ne ju`zimgershilikte joqarı u`lesti iyeleydi. Rayonda bul tarawlardı rawajlandırıw ushın jıl sayın 1265 getarday egislik jerler ajıratıladı.

Usınnan kartoshkanın` egislik maydanı 64ga, kapusta 43, qıyar 470, pamidor 102, la`blebi 52, piyaz 82, geshir 151 gektardı iyeleydi. Ovosh o`nimlerinin` basqa da tu`rleri 127 gektarday, al palız eginleri ushın 568 gektar egislik maydan ajıratılg`an. Usıg`an sa`ykes rayon aymag`ında jıl sayın 384 tonna kartoshka, 412 tonna kapusta, 483 tonna qıyar, 1054 tonna pamidor, 506 tonna la`blebi, 910 tonna piyaz, 1416 tonna geshir ha`m 1591 tonnaday basqa ovosh o`nimleri jetilistiriletug`ın boldı. Palız o`nimlerinen 5850 tonna zu`ra`a`t toplanıp gektarına hasıldarlıq 108,1 tsentnerdi quradı. Bul daqıllar rayonnın` barlıq kolxozlarında derlik egiledi ha`m jıllıq o`ndiriletug`ın o`nimnin` basım ko`pshiligi kolxozlardın`

payına tiyisli. Sonlıqtan rayon aymag`ında ovosh, baqsha ha`m kartoshka eginin jekke xojalıqlar fermer-diyxan assosatsiyasına tiyisli birlespelerdi ja`ne ja`rdemshi xojalıqlarg`a bekitilgen uchastkalarda egiw qa`jetli. Bul xalıqtı taza ha`m ovosh-baqsha o`nimleri menen ta`miyinlewde u`lken a`hmiyetke iye.

Ovosh-baqsha ha`m kartoshka daqılların o`siriw Qon`ırat rayonı sharayatında tek ku`ndelikli qa`jetlikti aytıw ushın emes, al pul qa`rejetlerin toplaw maqsetin go`zlep rawajlandırılıwı qa`jet sebebi Xorezm oazisi, sonday-aq Qaraqalpaqstan qawınları erte zamanlardan beri du`n`ya ju`zin tan`landırıp kiyatırg`an o`nimler qatarına kiredi. Qaraqalpaq qawınları ha`m basqa da palız o`nimleri tek joqarı o`nim toplaw jag`ınan emes, al mazalılıg`ı boyınsha parq qıladı. Sonlıqtan Aziya menen Evropanın` transport ekonomikalıq baylanıs tu`yinin iyelep jatqan Qon`arat rayonında bul tarawdı rawajlandırıw birinshiden xalıqtı arzan ovosh ha`m baqsha o`nimleri menen ta`miyinlewge jol ashadı, ekinshiden eksportqa shıg`ıw arqalı bull tarawda u`lken ko`lemde val`yuta toplaw mu`mkinshiligi bar. Usıg`an sa`ykes ovosh-baqsha o`nimlerin o`ndiretug`ın qa`niygelesken xojalıqlardı du`ziw talapqa muwapıq keledi. Solay etip Qon`arat rayonı sharayatında ovosh ha`m baqsha eginlerin rawajlandırıw ushın ku`shli wa`siyat ju`rgizetug`ın waqıt keldi. Bul rayon xalıqtı a`siresse awıl xalqı xojalıq ıqtıyarına bekitilgen mol jer resurslarının` bar ekenligine qaramastan keyingi jıllarda o`zleri diyxan rolin atqarıw ornına qarıydarshı rolin atqarmaqta. Ha`tteki olar Xorezm ob`lastına waqıtsha ajıratılg`an Qızıljar massivindegi o`ndirilgen o`nimge ortaqlasıp satıp alıwshı ka`sibin iyelemekte. Bul o`te an`sat talap, bunın` o`zine ta`n artıqmashılıg`ı bar shıg`ar, biraq rayon aymag`ında Qaraqalpaqstandag`ı en` ko`lemli jer resursı ja`mlengen jag`dayda xalıqtın` mol g`a`ziyneden bas tartıp tek tutınıwshı rolin iyelewi hesh da`lillewge turmaytug`ın jat qa`siyet. Bizin` pikirimizshe rayon aymag`ında ovosh-baqsha ha`m mal sharwashılıg`ı ushın ot-sho`p o`siriwshilik penen shug`ıllanatug`ın qa`niygelesken xojalıqlardı du`ziw kerek. Bul jergilikli xalıqtı tutınıw tovarları menen ta`miyinlewge ha`m xalıqtın` materiallıq abadanlıg`ın jaqsılawg`a jol ashatug`ını so`zsiz. Rayon aymag`ında ot-sho`plik eginlerdi egiw ha`m o`siriwge de ayrıqsha itibar berilmekte. Sebebi bul taraw birinshiden, shorlıqqa aynalıp baratırg`an bizin` respublikamız sharayatında jerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılaw arqalı egislik maydanlardı optimal` da`rejede uslawg`a tiykar du`zse, ekinshiden, almaslap egiwge paydalanılg`an jon`ıshqa, ma`kke, ju`weri, sudanka ha`m basqa da sobıqlı daqıllardın` esabınan mol sho`p zapasların toplawg`a imkaniyat beredi. Sonlıqtan rayonnın` suwg`armalı

diyxanshılıq zonalarında paxtashılıq, g`a`lleshilik, ovosh ha`m baqsha eginlerin o`siriw menen bir qatarda ot-sho`plik eginlerdi rawajlandırıwg`a ayrıqsha a`hmiyet berilip kiyatır. Bunı, rayon aymag`ında ot-sho`plik eginlerdi o`siriwge ajıratılg`an egislik maydanlardın` ko`lemi ha`m ha`r jıl sayın mal sharwashılıg`ı tarawlarına tapsırılg`an bedel senaj ha`m basqa da ot-sho`pli o`nimler tolıq da`lilleydi (keste-№11).

**Keste-№11**

**Qon`ırat rayonında ayırım jıllar ishinde ot-sho`plik eginlerge ajıratılg`an egislik jerlerdin` o`siw dinamikası, mın`/ga esabında**

| Ot-sho`plik eginlerdin` tu`rleri | Jıllar | | | | | | 2010j-1970 jılg`a,% |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1970 | 1975 | 1980 | 1990 | 2005 | 2010 | |
| **Ot-sho`plik eginlerdin` maydanı, barlıg`ı** | **4,6** | **6,5** | **8,9** | **9,4** | **13,3** | **13,6** | **2,9ese** |
| **Usınnan: Ko`p jıllıq ot-sho`p eginleri** | **1,6** | **2,0** | **2,4** | **2,8** | **4,6** | **4,7** | **2,9ese** |
| **Jıl sayın egiletug`ın ot-sho`plik eginlerdin` maydanı** | **1,0** | **1,7** | **1,4** | **1,1** | **3,0** | **2,3** | **2,3ese** |
| **Silos ha`m ot-sho`p ushın egilgen ma`kke, ju`weri** | **1,1** | **1,5** | **1,9** | **1,3** | **2,6** | **2,3** | **2,2ese** |
| **Bir jıllıq ot-sho`p eginleri** | **…** | **0,8** | **2,2** | **1,8** | **2,8** | **2,3** | **2,9ese** |
| **Basqa da ot-sho`p eginleri** | **0,9** | **0,5** | **1,0** | **2,4** | **0,3** | **2,0** | **2,0ese** |

Rayon aymag`ında sho`plik daqıllardın` egislik maydanın ko`beytiwge ayrıqsha itibar berilgenligi bayqalıp tur. Eger 1970-jıllarda ot-sho`plik eginler barlıg`ı bolıp 4,6 mın` gektar egislik maydandı iyelesse, al ha`zir onın` maydanı 3 esege derlik o`sti ha`m rayon aymag`ındag`ı suwg`arıp egiletug`ın egislik jerlerdin` 34% tin quraytug`ın boldı. Biraq bull tarawda ayırım kemshilikler ju`z berip atır.

Almaslap egiw ushın paydalanılatug`ın daqıllar elede kem zu`ra`a`tli olar joqarı zu`ra`a`tli ha`m shordı juw qa`siyetine iye jan`a o`simlikler menen almastırılmay atır. Ot-sho`plik daqıllar egiletug`ın zonalarda agrotexnikalıq qa`delerden qollanıw jeterli bahalanbay atır. Usının` saldarınan ot-sho`plik eginlerdin` zu`ra`a`tliligi to`men. Bul na`tiyjede mal sharwashılıg`ı tarawları ushın ot-sho`p tayarlaw funktsiyasın orınlawdı u`ziliske tu`sirmekte mısalı, 2010- jılg`ı mag`lıwmat boyınsha rayon aymag`ında 2547 gektarday ko`p jıllıq tu`birli jon`ıshqa boldı, biraq zu`ra`a`tlilik gektarına 24,8 tsentner shamasında bolıp jıl dawamında ot-sho`p egetug`ın xojalıqlar 6319 tonna bede tayarlag`an. Tuqım ushın egiletug`ın ko`p jıllıq ot-sho`p eginlerdin` zu`ra`a`tliligi de to`men. Sonlıqtan

aldag`ı turg`an en` baslı wazıypa ot-sho`plik eginlerdin` zu`ra`a`tliligin arttırıwg`a bag`darlanıwı tiyis.

Bag`shılıq ha`m ju`zimshilik rayon aymag`ında erte zamanlardan berli diyxanlardın` en` su`yikli ka`sibi bolg`an ha`m bolıwı kerek. Biraq keyingi jıllarda ju`z bergen Aral dag`darısına sa`ykes ha`m salıgershilik xojalıqlarında suw normasınan paydalanıwda qa`teliklerge jol qoyılıwına baylanıslı egislik jerlerdin` kebir ashıwı ju`z berdi. Bunı bıg`shılıq ha`m ju`zimgershilik tarawlarının` baslı texnikalıq ekonomikalıq ko`rsetkishleri de tolıq tastıyıqlaydı. Mısalı, eger 1970 jıllarda rayon aymag`ında bag`shılıq ha`m ju`zimgershilik ushın ajıratılg`an egislik maydan 0,1 mın` gektarg`a barabar bolıp, gektarına 12,5 tsentner alıng`an jag`dayda jılına 0,1 mın` tsentner miywe o`nimleri alınsa, bull ko`rsetkish 2005 jıllardan keyin pu`tkilley o`zgerissiz qaldı. 2010 jılı rayon boyınsha 114 gektar miywe ag`ashı ha`m 34 gektar ju`zim bolıp, gektarınan alıng`an hasıldarlıq 38-64 tsentner shamasında boldı, al jıynap alıng`an jıllıq o`nimnin` ko`lemi ,02 tonnanı quradı. Rayon aymag`ında jan`a na`l otırg`ızıw jumıslarıda  to`men, onın` ulıwma maydanı 4 gektardan artpaydı. Rayon boyınsha ju`zimgershilik penen tek bir xojalıq, Ko`kda`r`ya salıgershilik kolxozı shug`ıllanıp atır, olarda da o`ndiristin` tiykarg`ı ko`rsetkishleri ele to`men da`rejede.

Juwmaqlap aytqanda rayon aymag`ında diyxanshılıq tarawları quwatlı o`ndirislik bazag`a iye ha`m ko`lemli jer ha`m miynet resursları menen ta`miyinlengen. Respublika garezsizliginin` o`tken 29 jıllıgı ishinde rayon diyxanları awıl xojalıg`ının` iri qa`niygesi da`rejesin iyeledi ha`m o`z mamanlıqların arttırdı. Usının` na`tiyjesinde rayon bayınsha taza jerlerdi o`zlestiriw ha`m onın` meliorativlik jag`dayın jaqsılaw boyınsha iri a`meliy ilajlar iske asırılmaqta. Bul awıl xojalıg`ında paydalanılatug`ın egislik jerlerdin` ko`lemin 137% ke ko`beytiwge ha`m qa`niygelesken g`a`lleshilik, paxtashılıq ha`m malsharwashılıg`ı xojalıqların du`ziwge ja`ne olardın` o`ndirislik potentsialın ku`sheytiwge jol ashtı. Qa`nigelesken galleshilik ha`m paxtashılıq xojalıqlarında agrotexnikalıq qa`delerge say ko`lemli jumıslar iske asırılmaqta. Na`tiyjede rayon boyınsha jetistiriletug`ın awıl xojalıq onimlerinin` ko`lemin ko`beytiwge mu`mkinshilik jaratıldı. Biraq degen menen ayırım diyxanshılıq tarawları, sonın` ishinde ovosh-baqsha, kartoshka o`siriwshilik ha`m baqshılıq ja`ne ju`zimgershilik tarawların rawajlandırıwg`a jeterli da`rejede kewil bo`linbey atır. Sonlıqtan aldag`ı waqıtta usı tarawlardılardın` o`ndirislik bazasın bekkemlew ha`m bullarda islenetug`ın agrotexnikalıq qa`delerdin` orınlanıwına ayrıqsha itibar beriliwi qa`jet.

Bul birinshiden ovosh-baqsha ha`m kartoshka o`siriw tarawların keskin rawajlandırıwg`a ha`m rayon aymag`ında mal sharwashılıg`ı tarawları ushın qosımsha ot-sho`plik resurslardı, a`siresse la`blebi ha`m kapusta qaldıqlarınan mal azıg`ın tayarlawg`a imkaniyat jaratılıwı zarur.

## Rayonda sharwashılıq tarawlarının` rawajlanıwı

Rayon aymag`ında mal sharwashılıg`ı diyxanshılıqtan keyingi joqarı rawajlang`an tarawlar qatarına kiredi ha`m jıl sayın awıl xojalıg`ı o`ndirisinde tayarlang`an o`nimnin` 13,9 %tin jetistiredi. Mal sharwashılıg`ı tarawların rawajlandırıw ushın rayon u`lken mu`mkinshiliklerge iye. Rayonnın` awıl xojalıg`ı aynalısındag`ı jer fondı 5.514,8 mın` gektardı qurap, usınnan ta`biyg`ıy jaylawlar 1mln 190mın` gektardı pishenlikler, 53044 gektardı, al tog`ay basıp jatırg`an maydan 164 mın` gektardı quraydı. Bunnan basqa A`miwda`r`ya deltasında suwlandırıw arqalı awıl xojalıg`ı o`ndirisine paydalanıwg`a jaramlı 228,5 mın` gektarday jer resursları jaylasqan Usının` ha`zirgi waqıtta suwg`armalı egislik ushın tek bolg`anı 40 mın` gektarg`a jaqını o`zlestirilgen. Usı joqarıda ko`rsetilgen ta`biyg`ıy jaylawlardan pishenlikler basıp jatqan territoriyalardan, sonday-aq egislik ushın paydalanıp atırg`an jerlerdin` esabın, al jıl sayın 4,7 tonna la`blebi, 45,8 mın` tonna silos, 32,9 mın` tonna ko`k-sho`p masag`ı, 63,9 tonna bede ja`ne 13,5 mın` tonnaday aralas sho`plerden tayarlag`an bede ja`ne 24,8 tonnaday ha`r qıylı ot-sho`p bedesi o`ndiriledi. Bunnan basqa rayon aymag`ındag`ı pishenzarlıqlardın` esabınan 8166 tonna pishen, jaylawlardın` esabınan 137,5 mın` tonnadan aslam puta sho`pleri tayarlanıladı. Bul ha`m tag`ı basqa da ilajlar rayon aymag`ında mal sharwashılıg`ı tarawların rawajlandırıwg`ı mu`mkinshilik tuwdırmaqta (keste-№12).

**Keste-№12**

**Rayon aymag`ında mallardın` bas sanının` o`siwi, mın` bas esabında**

| Mallardın` tu`rleri | Jıllar | | | | | | 2010 jıl 1970 jıl, % esabında |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1970 | 1975 | 1980 | 1990 | 2005 | 2010 | |
| Iri qara mallar | 25,2 | 31,1 | 27,3 | 26,4 | 27,7 | 46,9 | 186.1 |
| Usınnan: Sıyırlar | 8,9 | 10,8 | 10,2 | 10,2 | 12,0 | 14,0 | 157,3 |
| Qoy ha`m eshki usınnan | 65,5 | 74,8 | 58,0 | 61,0 | 58,4 | 71,5 | 109,2 |
| Qarako`l qoyları | 24,2 | 41,9 | 41,9 | 53,0 | 48,6 | 61,6 | 2,5 ese |

Rayon aymag`ında barlıq kategoriyadag`ı xojalıqlardı qosa esaplag`anda iri qara mallardın` bas sanı 1970 jıllarg`a salıstırg`anda 110,7% ke usınnan sıyırlardın` bas sanı 134,8% ke ko`beydi. Al usı jıllar ishinde qoy ha`m

eshkilerdin` bas sanı kemeyse de qarako`l qoylarının` bas sanı 2 esege arttı. Biraq degen menen kolxoz- ha`m basqa da ma`mleketlik ka`rxanalarda keyingi jıllarda mallardın` bas sanı aytarlıqtay azayıp ketti. Mısalı 1996 jıldın` 1-yanvarındag`ı mag`lıwmat boyınsha 1994 jılg`a salıstırg`anda rayon aymag`ında 1802 basqa, usınnan sıyırlardın` bas sanı 71 basqa kemidi. Rayon aymag`ında qoy ha`m eshkilerdin` bas sanı da azayıp ketti. Eger 1995 jılı kolxozlardın` ıxtiyarında 49,3 bas qoy ha`m eshkiler bolsa, 1996 jılı bull ko`rsetkish 48 mın` bastı quradı. Solay etip tek bir jıldın` ishinde rayon kolxozlarında qoylar 4594 basqa kemidi. Mal sharwashılıg`ı tarawlarında ha`r bas maldan alınatug`ın o`nimlerdin` shıg`ımı da o`te az. Mısalı jıl dawamında bir bas sawın sıyırdan sawıp alınatug`ın su`t 1559 litrdi, 100 bas sıyırdan alıng`an buzawdın` sanı 50,6 bastı, 100 bas sawlıq qoylardanalınatug`ın qozının` sanı 94,7 bastan artpaydı. Usının` saldarınan mal sharwashılıg`ı tarawlarınan alınatug`ın o`nimnin` ko`lemi az ha`m onın` o`zine tu`ser bahası aytarlıqtay qımbatqa tu`sip atır(keste-13).

**Keste-№13**

**Ayırım jıllar ishinde Qon`ırat rayonı aymag`ında mal sharwashılıg`ı o`nimlerin tayarlawdın` ko`lemi**

| Mal sharwashılıq o`nim-lerinin` tu`rleri | Jıllar | | | | | | 2010 jıl 1970 jılga, % esabında |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1970 | 1975 | 1980 | 1990 | 2005 | 2010 | |
| Go`sh (tiriley salma-g`ında) mın` tonna | 1,2 | 1,4 | 1,6 | 0,9 | 1,7 | 2,3 | 191,7 |
| Su`t, mın` tonna | 0,8 | 1,9 | 2,6 | 3,4 | 3,8 | 5,5 | 6,8 ese |
| Ju`n, tonna | 50 | 64 | 59 | 89 | 65 | 105 | 2,1 ese |
| Qarako`l terisi, dana | 6,5 | … | … | 9,1 | 8,7 | 8,8 | 135, 4 |

Kestede berilgen mag`lıwmatlarg`a qarag`anda rayon aymag`ında mal sharwashılıq o`nimlerin jetistiriw aytarlıqtay to`men. A`siresse rayon boyınsha go`sh jetistiriw, qarako`l terilerin tayarlaw aytarlıqtay pa`seymekte. Bul ba`rinen de burın go`shke tapsırılatug`ın mallardın` salmag`ının` kemeyip ketiwi ha`m ha`r bir bas sawın sıyırdan sawıp alınatug`ın su`ttin` shıg`ımının` azayıwına baylanıslı bolıp otır.Na`tiyjede go`shke tapsırılg`an bir bas qaramaldın` tiriley salmag`ı 200kg, su`ttin` shıg`ımı 1530 kilogram shamasında bolıp otır, bull ha`tteki Qaraqalpaqstan boyınsha ortashadan go`sh boyınsha 10%, su`t boyınsha 9,3 % ke to`men. Usının` saldarınan mal sharwashılıg`ı o`nimlerinin` o`zine tu`ser bahası joqarılamaqta. Mısalı, 1995 jıldın` juwmag`ı boyınsha 1 tsentner qara mal go`shinin` o`zine tu`ser bahası 7848 sum 95 tiyındı, 1 tsentner su`t 472,3 sumdı, ju`n 2762,4 sumdı, al qarako`l terisi 337,1 sumdı quradı.

Solay etip tek 1995 jılı mal sharwashılıg`ı o`nimlerin jetilistiriw sarp etilgen shıg`ınlardın` ko`lemi rayon xojalıqları boyınsha 50 mln 52 sumdı quradı. Mal sharwashılıg`ı o`nimlerin o`ndiriw ushın sarp etilgen miynet shıg`ınlarının` ko`lemi de arppaqta mısalı 1 tsentner su`t o`ndiriw ushın 17,9 adam sag`atı sarp etilse, go`sh ushın 217,8 adam sag`atı, al 1tsentner ju`n ushın 135 adam sag`atı jumsaldı. Na`tiyjede rayon boyınsha malsharwashılıg`ı tarawlarınan jıllıq ko`rgen zıyan 293 sumdı quraydı. Solay etip rayon aymag`ında mal sharwashılıg`ı tarawların bunnan bılay da tez pa`t penen rawajlandırıw ushın mal jaylawların rekonstruktsiya jasaw, ha`m ta`biyg`ıy otlaqlardın` o`nimdarlıg`ın arttırıw bas wazıypalar qatarına kiredi.

Keyingi jıllarda rayon aymag`ında mal sharwashılıg`ı tarawlarının` rentabelliligin arttırıw ushın u`lken a`meliy ilajlar iske asırıldı. Rayon boyınsha 2 qa`niygelestirilgen mal sharwashılıg`ı xojalıg`ı, 1 qoy sharwashılıg`ı kolxozı ha`m qa`niygelesken qusshılıq xojalıg`ı du`zildi. Mal sharwashılıg`ı menen shug`ıllanatug`ın xojalıqlardın` materiallıq-texnikalıq bazası bekkemlendi ha`m finans jag`dayları tiklendi. Biraq rayon aymag`ında ta`biyg`ıy jaylawlardı suwlandırıw ha`m olardın` otlaqların ko`beytiw, a`siresse ko`p ko`lemdi iyelep atırg`an U`stirt jaylawların o`nimli paydalanıw ma`seleleri u`ziliske tu`sip kiyatır, usıg`an sa`ykes aldag`ı waqıtlarda, rayon aymag`ında ta`biyg`ıy jaylawlardı rekonstruktsiya jasaw ha`m olardın` otlaqların ko`beytiw arqalı mallardın` bas sanın ko`beytiw ha`m alınatug`ın mal sharwashılıq o`nimlerinin` o`zine tu`ser bahasın arzanlatıw ku`n ta`rtibindegi bas wazıypalar qatarına kiredi. Bunnan basqa mal sharwashılıg`ında sho`lkemlestiriw ma`selelerine de ayrıqsha dıqqat awdarıw kerek. Rayon aymag`ında mal sharwashılıg`ının` bas sanı elede bolsa kolxozlardın` ıqtmyarında, Na`tiyjede mal sharwashılıg`ı o`nimlerin tayarlaytug`ın monopolist kolxozlar bolıp otır. Mal sharwashılıg`ın alıp barıwdın` progressiv usılları to`men. A`siresse mal sharwashılıg`ında fermerlerdin` inisiativası shıqpay atır. Usıg`an baylanıslı fermer xojalıqları rayon boyınsha tayarlang`an su`ttin` 14,4%, go`shtin` 6,1% jetistiredi. Bul ha`m tag`ı basqa mal sharwashılıg`ında ju`z bergen jag`daylar bull tarawda o`ndiristi basqarıwdın` ha`m sho`lkemlestiriwdin` en` qolaylı usılların xojalıqqa tezden paydalanıw qa`jet.

## 3.2. Qon`ırat rayonında sotsiallıq tarawlardın` rawajlanıwı

***Xızmet ko`rsetiw sferaları.***

Burınnan–aq respublikamızdın` bes qalanın` birinen esaplang`an Qon`ırat elatı Qaraqalpaqstandag`ı belgili ma`dinyat orayı bolıp kelmekte. A`zelden–aq bul elat belgili shayırlardı o`sirip shıg`arg`an bolsa,ma`dinyat, iskusstvo tarawlarının` da`slepki qarlıg`ashları da, usı Qon`ırattan qanat qomlam shıqqan. A`sirese olardan en` da`slepki dramaturg, Qaraqalpaqstang`a belgili teatr g`ayratkeri Abraman O`tepovtın` atı pu`tkil respublika aymag`ına ken`nen belgili. Sonday – aq rayonnan bir neshe xalıq artistleri, belgili ma`dinyat g`ayratkerleri o`sip jetisti.Usı da`stu`rlerge sadıq bolg`an rayon ma`dinyat xızmetkerleri xalıqqa ma`deniy sarayı, ma`dinyat u`yleri menen xalıq teatrları, awıllıq klublar menen kitapxanalar xalqımızdın` bu`gingi ku`ndegi o`sip baratırg`an talapları da`rejesinde xızmetler ko`rsetpekte.

Rayonda G`a`rezsizligimizdin` 20 jıllıg`ı bayramı hu`rmetine «O`zbekistan-Uatanım menin`» su`reni astında jas atqarıwshılardın` ko`rik ta jas atqarıwshılardın` ko`rik tan`lawı, ullı saqıpqıran babamız A`mir Timurdın` 6600 jıllıg`ına ha`m g`a`rezsizlik bayramına bag`ıshlanıp jas qa`lemkeshlerdin` do`retiwshilik jumıslarının` ko`rikleri o`tkerildi.

Mekteplerde, miynet ja`ma`a`tlerinde usı sa`nelerge bag`ıshlang`an ushırasıwlar, gu`rrin`lesiwler o`tkerildi.

Rayonda xalıqtın` den sawlıg`ın qorg`aw tarawının` jumısların rawajlandırıw ha`m onın` salasın jaqsılaw boyınsha da bir qatar hmiyetli a`meliy ilajlar ko`rinip atır.Ha`zirgi ku`nde rayonda 410orınlıq 2 emlewxana, 6 poliklinikalar, sonday – aq, jaqında g`ana salınıp paydalanıwg`a berilgen balalardı emlew ha`m dawalaw komleksleri islep tur. Poliklinikalar sanı 6 g`a jetkerildi.

Usının` menen bir qatarda rayon aymag`ındag`ı awıl miynetkeshlerine 46 – fel`sher akusherkalıq punktler. 15 awıllıq vrachlıq ambulatoriya meditsinalıq jaqtan xızmetler ko`rsetpekte. Tek g`ana son`g`ı jıllardın` o`zinde rayon orayınan ha`zirgi zaman tipindegi zamanago`y balalardı emlew ha`m dawalaw kompleksi salıp pitkerilip, na`restelerimizdin` xızmetine berildi. Al, Axunbabaev atındag`ı

ja`ma`a`t xojalıg`ınan 30 orınlıq emlewxana ashılıp, olar nawqaslang`anlarg`a meditsinalıq jaqtan xızmetler ko`rsetpekte.

Rayonda xalıqqa meditsinalıq jaqtan xızmet ko`rsetiw tarawında 126 vrach, 1120 orta arnawlı meditsina qa`nigeleri jemisli islep atır. Olardın` ka`siplik sheberligin arttırıw boyınsha ken` jumıslar alıp barılmaqta.Sonın` menen bir qatarda rayonnın` meditsina tarawı ha`r jıl sayın qa`nigeli kadrlar menen tolıqtırılıp kelinbekte.

Rayonda xalıqtın` den sawlıg`ın saqlaw, olarg`a ko`rsetilip atırg`an meditsinalıq xızmettin` tu`rlerin ko`beytiw ja`ne sapasın jaqsılaw maqsetinde bir qatar a`hmiyetli ilajlar belgilenbekte.Atap aytqanda,rayon aymag`ınan jan`adan rayonlar aralıq teri kesellikleri dispanserin tuwıw u`yin, diagnostikalıq orayın ashıw na`zerde tutılg`an. Olardın` qurılıs jobaları tayarlanıp qoyılg`an.

Respublikamız Prizidenti I. A. Karimov da`slepki ku`nlerden baslap – aq respublikada xalıq bilimlendiriwdin` jan`a zaman talapları da`rejesinde sho`lkemlestiriw, bilimlendiriwdin` sapasın arttırıw, o`sip kiyatırg`an bizin` keleshegimiz bolg`an jas awladlarg`a teren` ha`m tıyanaqlı bilimler beriw, olardın` a`dep – ikramlı, den sawlıg`ı jaqsı,fizikalıq jaqtan shınıqqan a`wladlar bolıp jetilisiwine ayrıqsha dıqqat awdarıp, bul tarawg`a u`lken g`amxorlıqlar ko`rsetip kelmekte. Usının` arqasında bul tarawda da, son`g`ı jılları aytarlıqtay na`tiyjelerge erisilip atır.

Ha`zirgi ku`nde rayon aymag`ında 50 orta, 8 tolıq emes orta mektepler bolıp, olarda xalqımızdın` 31 mın`nan aslam ul ha`m qızlar oqıp, bilim ja`ne ta`rbiya alıp atır. Rayonda mektepke shekemgi balalar mekemelerinin` jumısları barg`an sayın jaqsılanıwda.Bu`gingi ku`nde rayonda 26 balalar baqshaları bolıp, olarda miynetkeshlerimizdin` 6300 den aslam perzentleri ta`rbiyalanıp atır. Bul orınlarda balalardın` oqıwları, kwilli dem alıwları, qullası jaqsı ta`rbiya alıwları ushın barlıq qolaylı jag`daylar du`zip berilgen. Son`g`ı jılları rayonda tazadan mektepke shekemgi mekemeler ushın jaylar salıw, paydalanıp atırg`anların remontlaw, qosımsha klass jayların salıw belgilenip otır.

Rayonda fizkul`tura ha`m sporttı rawajlandırıwg`a barqulla a`hmiyet berilip kelinbekte. A`sirese g`a`rezsizlikke eriskennen keyingi jılları bul tarawda bir qatar unamlı jumıslar isleniwi menen aytarlıqtay na`tiyjelerge erisilip atır. Usı jıllar dawamında rayon aymag`ında joqarıda aytıp o`tkenimizdey 300 orınlıq ma`deniyat ha`m sport kompleksi, jabıq ju`ziw basseyni, eki dawalaw shınıg`ıw orayları, 13 futbol maydanshaları paydalanıwg`a berildi.Rayon orayında 5000 orınlıq stadion islep atır.

Respublika hu`kmeti ja`ne rayon basshıları futboldı rawajlandırıwg`a ayrıqsha dıqqat awdarıp kelmekte. O`zbekistan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1993 jıl 18-marttag`ı «O`zbekistanda futboldı bunnan bılay da rawajlandırıw haqqında» g`ı sonday aq O`zbekistan Respublikası Ministrler Kabinetinin` usı jıl 4-yanvar`dag`ı bolıp o`tken ma`jilisi, 17 yanvr`dag`ı «O`zbekistanda futboldı rawajlandırıwdın` sho`lkemlestiriw tiykarların ha`m printsiplerin tu`p – tiykarınan jetilistiriw ilajları haqqında», bunnan keyingi 2Futboldı rawajlandırıwdı xoshametlew boyınsha ilajları haqqında»,g`ı qabıl etilgen qararlar menen ko`rsetpelerdi basshılıqqa ala otırıp, Qon`ırat rayonda da, son`g`ı waqıtları bir qatar a`hmietli ilajlar a`melge asırılıp atır. Usı maqsette jan`adan ko`plegen sport maydanshaları salınıp. Barlıq orınları menen, mekeme, ka`rxana, sho`lkemlerde, awıllarda futbol komandaları du`zildi. Bul orınlarda futbol menen shug`ıllanıw ushshın ken` mu`mikinshilikler tuwdırıldı. Bul o`zinin` ku`tilgenindegidey na`tiyjelerin bermekte. Bunı rayonımızdag`ı «Paxta talası « aktsionerlik ja`mietine qaraslı burıng`ı paxta tazalaw zavodı, «Qon`ıratshı» komandası bıyılg`ı futbol mg`wsimindegi oyınlarınan – aq ko`riwimizge boladı, Qaraqalpaqstan Respublikasının` futbol boyınsha joqarg`ı ligasında oynap kiyatırg`an rayonımızdın` bul «Qon`ıratshı»komandası bıyılg`ı jılı a`jayıp oınlar ko`rsetip kelmekte. Na`tiyjede ol ha`zirgi ku`nde respublikamız komandaları arasında birinshilikti qoldan bermew turnir kestesin baslap kiyatır.

Rayonda son`g`ı waqıtları tennis penen shug`ıllanıw, sporttın` bul tu`rin massalıq tu`rge aylandırıw boyınsha da, aytarlıqtay jumıslar islenip atır. Usı maqsette rayon orayınan jaqında g`ana salınıp, paydalanıwg`a tapsırılg`an tennis

kordıha`zirdin` o`zinde ha`r ku`ni sporttın` bul tu`rine qızıg`ıwshılar menen tolı boladı.

Rayonda bu`gingi ku`nde «Qon`ırat» futbol klubı menen bir qatarda sporttın` boleybol, basketbol, gu`res, tennis, boks, dzyu-do sıqlı komandaları bolıp. Olar respublika ko`lemindegi jarıslarg`a qatnasıp atır. Bul kamanda ag`zalarınan ko`pshiligi ha`zirdin` o`zinde respublikamızg`a atları belgili sportshılar bolıp jetilisti. Olardan boks boyınsha O`zbekistan Respublikası chempionı 3 sport sheberi, 6 sport sheberligine kandidat, 165 massalıq razryadqa iye sportshılar bar.

Xalıqtı taza awız suw ha`m ta`biyiy gaz benen ta`miyinlewge baylanıslı shıg`arılg`an hukimet  pa`rmanın orınlaw boyınsha da Qon`ırat rayonında bir qansha jumıslar dawam ettirilmekte. Usınday ilajlardın` arqasında bu`ginge shekem rayon orayı esaplang`an Qon`ırat qalasında jasawshı barlıq xalıq tolıg`ı menen taza ishimlik suw ha`m ta`biyiy gaz benen tolıq ta`miyinlenedi. Al awıllıq jerlerde bolsa tolıq tamamlanıw aldında tur.Yamasa awıl xalqının` 98% arzan ha`m qolaylı « ko`k jalın» otınınan paydalanıw, al 76 % taza ishimlik suw menen ta`miyinlenedi. Yag`nıy ha`zirge shekem rayonda 295 kilometrlik gaz tarmag`ı tartılıp, 1892 xojalıqqa ta`biyiy gaz tutastırıldı.

Xalıqtı sotsiallıq qorg`awg`a bag`darlang`an  O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanları da rayon basshılarının` ba`rqulla dıqqat orayında bolıp kelmekte. Usı maqsette rayonda sotsiallıq qorg`awdı ku`sheytiw ha`m basqa da, xalqımızdın` ja`rdemge mu`ta`j bolg`an qatlamların qollap – quwatlaw jumısları izbe – izlik  penen a`melge asırılmaqta. Bul iste sotsiallıq a`dillik printsiplerinin` orınlanıwın ta`miyinlewge dıqqat ku`shiytilgen.

Xalqımız arasındag`ı kem ta`miyinlengen, ja`rdemge mu`ta`j bolg`an adamlardın` dizimi alınıp, olarg`a o`zleri islep atırg`an mekeme karxana sho`lkemler sonday–aq ja`miyetlik xojalıqlar ta`repinen Nawrız G`a`rezsizlik ha`m basqa da dan`qlı sa`nelerge bag`ıshlap ha`r qıylı bahalı zatlar berilip turıladı. Ha`zirgi qatnasıqları da`wirinde xalqımızdıjumıs penen ta`miyinlewgede rayonda a`hmiyet ku`shiytirilgen. Bul boyınsha jumıslpar izbe – izlik penen ju`rgizilip atır. Aldın ala du`zilgen da`stu`rler tiykarında jan`a jumıs orınları

sho`lkemlestirilmekte. Bul da`stu`rlerdin` orınlanıwı rayon ha`kimiyatının`, tiyisli orınlardın` qatan` qadag`alawına alıng`an

Rayonda adamlardı jumıs penen ta`miyinlew, sonın` menen bir qatarda mu`likti haqıyqıy iyelerine bo`lip beriw, yag`nıy Prezidentlerimizdin` pa`rmanları tiykarında kishi ha`m jeke karxanalardı ashıw, ma`mleketlik mu`likti menshiklestiriw, olardın` materiallıq – texnikalıq bazasın bekkemlew, usı esaptan ha`r qanday jag`dayda, yag`nıy elimizde bolsın, du`n`ya bazarında bolsın ba`sekige tu`se alatug`ın o`nimlerin islep shıg`arıwg`a erisiw boyınsha da, aytarlıqtay jumıslar a`melge asırılıp atır. Rayonda ha`zirge shekem 300 den aslam kishi ha`m jeke ka`rxanalarashılg`an bolsa, 26 karxana menshiktin` ha`r qıylı tu`rlerine o`tkerildi, 16 karxana aktsionerlik ja`miyetine aylandırıldı. Bul orınlarda ha`zirdin` o`zinde ku`tilgenindey, ha`tte onnanda jaqsıraq na`tiyjelerge erisilip atır. Solay etip, ko`plep naq paydalar alınbaqta ha`m bul naq payda esabınan aktsiya iyelerine o`z waqtında dividentler berilip atır. Bul da, o`z gezeginde miynetkeshlerdi, o`z gezeginde miynetkeshlerdin` jumısqa ja`ne onın` sapasına bolg`an qızıg`ıwshılıg`ın barg`an sayın arttırmaqta.

Bul rayon aymag`ında xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın tarawlardı rawajlandırıw boyınsha iske asırılıp atırg`an ilajlar aqırg`ı esapta puqaralardın` pul daramatlarının` ko`beyiwine ha`m usı tiykarında eldin` matiriallıq abadanlıg`ının` joqarılawına jol ashatug`ını so`zsiz.

## J U W M A Q L A W

Qon`ırat rayonı burın aytıp o`tkenimizdey ko`lemli jer resurslarına iye. Onın` ulıwma ko`lemi 7,604 mln.ga. Usınan ha`zir awıl-xojalıg`ında paydalanıp atırg`an bo`limi 1,2 mln.ga g`a barabar. Al suwg`armalı diyxanshılıqta paydalanıp atırg`an egislik maydan 40 mın`.ga nı quraydı. Awıl xojalıg`ı resurslarınan aqılg`a muwapıq paydalanıw maqsetinde ha`zirgi suwg`arıw sistemaların qayta qurıw, a`sirese kanallardan paydalanıw koeffitsientin qosımsha 0,7 ge shekem joqarılatıw, al jerden paydalanıw koeffitsienti 0,80-0,85 ke jetkeriw ko`zde tutıldı. Bul belgilengen plandı ma`selelerdi sheshiwge, a`sirese egislik jerlerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılaw jolı menen awıl-xojalıq o`nimlerin ko`beytiwge jol ashıladı. Bul ushın ba`rinende burın suwdan paydalanıw normasın keskin kıskartıw ha`m kollektor-drenaj sistemasın o`nimdarlı paydalanıw ma`selelesi menen baylanıstırıp sheshiwge ayrıqsha itibar berilmekte.

Aldag`ı waqıtta egislik jerlerdin maydanın ken`eytiw eki bag`darda jurgiziledi` birinshiden, da`r`yanın` quyar angarı boyındag`ı ha`m A`miwda`r`ya del`tasındag`ı burın ko`l bolıp, son`g`ı waqıtlarda kewip qalg`an tın` jerler o`zlestiriledi, ekinshiden diyxanshılıq xojalıqlardın` territoriyasında bos jatırg`an jerler awıl-xojalıg`ı aynalısına tartıladı. Xojalıqlardın` o`z shegaralarındag`ı rezervler esabınan egislik maydanı Qon`ırat rayonında 70 mın`.ga ga ko`beytiledi. Bul aytılg`an jerlerdi o`zlestiriw ekonomikalıq ko`z-qarastan da, sonday-aq sotsiallıq ko`z-qarastan da na`wbette islenetug`ın ilajlardan bolıwı tiyis. Bul jerlerdi awıl-xojalıg`ı aynalasına o`zlestiriw sapa jag`ınan jan`a tiykarda, en` aldı menen suwg`arıw kartalarının ko`lemin ulkeytiw bag`darında alıp barılıwı qa`jet. Ko`lemi ulkeytilgen bunday suwg`arıw kartaları tez jurushi ha`m kamtıwshı awıl-xojalıq texnikasınan, suwdan na`tiyjeli paydalanıwg`a, awıl xalqının ma`deniy turmıs jag`dayların arttırıwg`a mumkinshilik beredi. Kompleks turde jurgizilgen usı eki ilaj jerden paydalanıw koeffitsientin 0,70-0,75 ke shekem ko`beytiwge mumkinshilik beredi.

Jer rezervlerinin` ulken bo`limi da`r`ya del`tasında jaylasqan. Mal sharwashılıg`ında jaylaw retinde paydalang`an ko`l ultanlar balıqlardın` uıldırıq

shashıp o`nip-orshiwshi orın ha`m ondatralardı orshıtıw ushın qolaylı qamıslıq ma`kanı bolıp kelgen rayonnın kol basıp jatqan jerleri endi suwg`arılıp, egin egiletug`ın diyxanshılıq zonasına aylanbaqta.

Da`r`ya angarı polosası boyındag`ı tın` jerler ha`m suw barmay kebiwge qarag`an ko`ller de rayonnın suwg`arılıp egisletug`ın diyxanshılıg`ın rawajlandırıwdın` birinshi na`wbette ob`ektlerinin` biri bolıp esaplanadı. Bul jerlerdin` topırag`ı o`nimdarlı ha`m mexanikalıq sostavı jaqsı. Da`r`ya angarı kaptalındag`ı jerlerdin topırag`ı joqarı drenajlıq qa`siyetke iye. Bul surimge jaramlı jerlerdin` egiske qolaylılıg`ın anıqlawda belgili sha`rt bolıp esaplanadı.

Araldın` suwı ka`ddinin` paseytiwi ha`m jer astı grunt suwlarının` ka`ddinin` to`menlewine baylanıslı burın qol astı bolg`an jerlerdin` suwı tartılıp, olar egin egiwge jaramlı jer tegis bolg`anlıqtan o`zgestiriw ushın ko`p shıg`ınlardı talap etpeytug`ın qolaylı jerlerge aynalmaqta.

Rayonnın` ta`biyiy klimat sharayatına sa`ykes da`r`ya angarında sho`lkemlestirilgen salıgershilik xojalıqlarda bir gektar egislik maydan ushın suug`arıw norması 15 mın` 17 mın` kub.m. rejelestirilse al da`r`ya alabınan alısta jaylasqan egislik jerlerge gektarına 18 mın`–21 mın` $m^3$ cuw norması belgilengen. Orta piser sorttag`ı salı atızların suwg`arıw waqıtları 1 maydan – 25 avgustqa shekemgi aralıqta o`tkeriw na`zerde tutılg`an.

Ten`iz jag`alawlarındag`ı aymaqlarda suwg`arıw ushın kollektor-drenaj suwlarınan paydalanıw ma`selesi qoyılmaqta ha`m bastırıp suwg`arıwdın` normasın gektarına 18 mın`.$m^3$ tan 25 mın` $m^3$ qa shekem jetkeriledi. Aldag`ı waqıtta rayon sharayatında suwdın` jetispewshiligin esapqa alıp, kollektor-drenaj suwlarınan ken`nen paydalanıw juda` qajet boladı. Sebebi Respublikanın` arqa ha`m Qubla rayonlarında kollektor drenaj setlerinin` na`tiyjeligin arttırıwg`a baylanıslı taslandı suwlardın` ko`lemi 3,4 mlrd.$m^3$-di quraydı, usınan en` kem degende 2 mlrd.$m^3$ suwdı ekinshi ma`rtebe paydalanıwg`a boladı. Sebebi, bul suwlardın` mineralizatsiyalanıw da`rejesi bir litrde 3-5 gramm shamasında bolıp, ten`iz jag`alawındag`ı jaylawlardı

suwlandırıwg`a paydalanıwg`a boladı. Bul belgili da`rejede ekologiyalıq qıyınshılıqlardıda bosaqlastırıwı mumkin.

Aldag`ı perspektivada Qaraqalpaqstannın` sho`llikke beyimlengen terrtoriyalarında tiykag`ı suw deregi retinde jer astı suwlarınan ken`nen paydalanıw qa`jet boladı. Izertlengen mag`lıwmatlarg`a qarag`anda. Qon`ırat rayonı territoriyasında jer astı suwlarını zapası 3,9 mlrd.me quraydı. Bul ko`lemdi jer astı suwların xalıq xojalıg`ı tarawlarında ratsionallı paydalanıw ulken mashqalalardı sheshiwge, a`sirese tuslik Aralda juz bergen apatshılıqtı bosanlastırıwg`a ha`m ha`zirgi islep turg`an xojalıqlardın` o`ndirislik potentsialınan o`nimdarlı paydalanıwg`a jol ashılar edi. Bizin` pikirimizshe bul ha`m tag`ı basqada ilajlardı iske asırıw Qon`ırat rayonı sharayatında awıl xojalıg`ı tarawların aqılg`a muwapıq, rawajlandırıwdın` birden-bir durıs jolı bolıp esaplanadı. Bul ha`m basqada xalıq xojalıq a`hmiyetke iye maseleler men ta`repinen sheshildi, son`lıqtan ko`rsetilgen pikirler ha`m usınıslar menin` pitkeriw jumısımnın` aktuallıg`ın artıratug`ını so`zsiz.

Solay etip, Qon`ırat rayonı aymag`ında xalıq xojalıg`ı tarawların rawajlandırıwg`a baylanıslı ilajlardın` tezden o`ndiriske engiziliwi jaqın keleshekte 80-81 mın` tonna g`alle 7,9-8,5 mın` tonna paxta tayarlawg`a, al qara mallardın` bas sanın 33 mın`g`a, qoy ha`m eshkilerdin` bas sanın 80-82 mın`g`a ko`beytiwge jol ashadı. Keleshekte paxta jetistiriwdi 23,2% ke ko`beytiwge mumkinlik tuwdıradı. Bul ko`rsetkishke erisiw barnende burın egislik maydarlardı ko`beytpey aq a`r gektar jerden alınatug`ın paxtanın` zuraatliligin 25 tsentnerde arttırıwg`a jol menen iske asırıladı. Ko`rsetilgen jıllar ishinde salının` zura`a`tligi 46,7 tsentnerge joqarılaytug`ın boladı.

Rayon aymag`ında jaqın jıllar ishinde mal sharuashılıg`ı o`nimlerin ko`beytiw, a`sirese shubat ha`m qımız o`ndiriw maselelrine ayrıqsha itibar beriledi. Bul birinshiden awıl xojalıg`ında qosımsha tarawlardın` o`ndirislik natiyjeligin arttırıp, ekinshiden arzan ha`m jug`ımlı azıq-awqat o`nimleri ko`plep ko`beytiwge jol ashadı.

## ADEBIYATLAR


1.Karimov I.A. «Uzbekistan po puti uglubleniya ekonomicheskıx reformı». Tashkent,1995.

2.Karimov I.A. «XXI asr bosagasında»Tashkent, 1999.

3.Karimov I.A. «Barkamol avlod arzusi» Tashkent, 1998.

4.Atamirzaev O.B., Gendetova V.N., Murtazaeva R.X. «Uzbekistan mnogonatsional`naya Respublika istoriko-demograficheskiy aspekt». Tashkent 1998.

5.Aktual`nıe problemı ekonomiki sel`skogo xozyaystva». Kol. avtorov; Tashkent 1987.

6.Babushkin L.N. «Osobennosti klimata nizov`ev Amudar`i» T,1969.

7. Baxiev A. «Ekologiya tiykarları» Nokis «Bilim» 1994.

8.Jollıbekov B. «Aral tenizinin xem Amudar`ya del`tasının tomengi bo`liminin` suwlarının` ekologiyalıq jag`dayı». Nukus, jarn. «Aral Qızları» №2, 1992.

9.Dawletova Q., Umarov E.K. «Karakalpakstannın tabiyatı xem xojalıg`ı», Nukus –1989.

10.Matmuratov J. Agroklimaticheskie usloviya severo-zapadnogo Uzbekistana. Nukus «Karakalpakstan» 1990.

11.Kon`ırat rayonı awıl xojalıg`ı baskarmasının ayrım jıllar ushın otchetı. (1975-2010).

12.Konırat rayonı statistika baskarmasının` ayrım jıllar ushın \otchetı (1991-2010).

13.Umarov E.K. «Karakalpakstannın ekonomikalık xem sotsiallık geografiyası» Nokis 2011.

14.Sokiev A.B.. «Vosproizvodstvo i ispol`zovanie trudovıx resursov sel`skogo xozyaystva». Moskva «Kolos» 1978.

15.Ryabushkin T.V, A.Z.Dadashev – Trudovıe resursı i effektivnosti proizvodstva. Moskva «Znanie» 1981.

16.Kurbaniyazov A. «Formirovanie i razvitie trudovogo potentsiala v Karakalpakii». Karakalpakstan 1991.

17.Xujaev N.. «Ratsional`noe ispol`zovanie trudovıx resursov sela». Tashkent «Uzbekistan» 1983.
18.Qon`ırat rayonının` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıw juwmaqları (Yanvar` – dekabr` 2010 j), Qon`ırat rayonı pasportı-2011.
19. Qon`ırat rayonı awıl xojalıg`ı basqarmasının` esabatları, 1990, 2005, 2010 j.